WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’
BILIM BERIW MINISTRLIGI
BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK
UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti
dekani’:___________f.i.k. Q.Turdi’baev
«_______»_______________2013-j

**5120100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Kamalova Arti’qgu’ldin’ « XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda watan temasi’ni’n’ sa’wleleniwi »**
**degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi
Qaraqalpaq a`debiyati’ tariyxi’
ha`m folklori’ kafedrasi’
basli’g’i’ doc.
J.Nizamatdinov ________
«_______»____________2013-j

İlimiy basshi’: f.i.k.
P.Allambergenova_______________

**No’kis – 2013 j**

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi’
fakulteti dekani’: f.i.k.,doc. Q.Turdi’baev

Kafedra basli’g’i': f.i.k.,doc. J.Nizamatdinov

İlimiy basshi’: f.i.k. P.Allambergenova

**Ma’mleketlik Attestatsiya Komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’:**

5120100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n’ pitkeriwshisi Kamalova Arti’qgu’ldin’ «XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda watan temasi’ni’n’ sa’wleleniwi» atamasi’ndag`i' pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_________» ball qoyi’lsi’n.

**MAK basli’g’i’:** _____________ ________________

**MAK wori’nbasari’** _____________ ________________

**MAK ag`zalari’:** ___________ ________________

_____________ ________________

_____________ ________________

_____________ ________________

_____________ ________________

MAZMUNI’

KİRİSİW………..………………………………............................3

**I BAP. Qaraqalpaq poeziyasi’nda alliteraciyani’n’ tutqan worni’……....…………….….................…....……..7**

**II BAP. I.Yusupov poeziyasi’nda alliteraciyalardi’ qollani’w sheberligi………………….............……………......26**

JUWMAQLAW………..………..………………….……….........46

PAYDALANI’LG’AN A’DEBİYaTLAR.....………………..….48

# KİRİSİW

Du'nya a'debiyati'nda ulli' so'z ustalari' Alisher Nawayi', Uilyam Shekspir, Aleksandr Pushkin shi'g'armalari' haqqi'nda ha'zirgi ku'nge shekem qanshadan-qansha ilimiy-izertlew jumi'slari' wori'nlang'an, bul jumi'slar yele de dawam yetip ati'r. Sebebi, bunday ta'kirarlanbas talant iyeleri du'nyag'a neshe ju'z ji'lda bir ma'rte keledi. Usi' jerde Wo'zbekstan xali'q shayi'ri', Wo'zbekstan Qaharmani' Abdulla Aripovti'n' Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri', Wo'zbekstan Qaharmani' İ.Yusupovti'n' 80 ji'lli'q yubileyinde (2009-ji'li', Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinde) «İbrayi'mday shayi'rlar du'nyag'a bes ju'z ji'lda bir ma'rtebe keledi» dep shayi'ri'mi'zdi' du'nyaju'zlik civilizaciya ko'zqarasi'nan ju'da' joqari' bahalag'ani' yesimizge tu'sedi. Biz bul pikirdin' qa'nshelli da'rejede duri'sli'g'i'n bir g'ana tu'rkiy poeziyasi' mi'sali'nda da'lilleytug'i'n bolsaq, wonda wo'shpes juldi'zg'a aylang'an Nawayi' (1441-1501) ha'm İ.Yusupovti'n' (1929-2008) jasap, do'retiwshilik yetken da'wirleri arasi'nda bes ju'z ji'lg'a shamalas waqi't bar. Demek, belgili so'z sheberinin' joqari'da aytqan pikirlerinde jan bar.

İ.Yusupovti'n' poeziyasi' a'debiyattani'wda a'lle qashan ilimiy-izertlewlerdin' obektine aylandi'. Qaraqalpaq a'debiyattani'wi'nda İ.Yusupov poeziyasi' Q.Sultanov, S.Axmetov, G.Yesemuratov, J.Nari'mbetov, Q.Worazi'mbetov, J.Yesenov, J.Maqsetova, Z.Bekbergenova, M.Ma'mbetova, A.Ha'midova, D.Paxratdinov h.t.b. miynetlerinde u'yrenildi[1]. Sonday-aq, İ.Yusupov poeziyasi'

[1] Султанов К. Современная каракалпакская поэма (1953-1964). Автореф. канд. Т., 1967. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988; Есемуратов Г. Ибрайым Юсуповтың поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1976; Нарымбетов Ж. Сахра гүли. Илимий-көркем очерк. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004; Есенов Ж. Поэзия жулдызы. Нөкис, «Билим», 2003; Мақсетова Ж. И.Юсуповтың поэтикалық шеберлиги. Канд. дисс. Нөкис, 1991; Бекбергенова З. Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери (70-80 жыллар). Канд. дисс. Нөкис, 1995; Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999; Ҳәмидова А. И.Юсупов дөретиўшилиги ҳәм Европа әдебияты. Канд. дисс. Нөкис, 2000; Пахратдинов Д. И.Юсупов поэзиясында Шығыс әдебияты дәстүрлери. Канд. дисс. Нөкис, 2001.

boyi’nsha ja’riyalang’an ilimiy ha’m a’debiy si’n maqalalar da barshi’li’q[1]. Ta’kirarlanbas talant iyesinin’ wo’zinen keyingi a’wladlarg’a qaldi’ri’p ketken bay ma’deniy miyrasi’ yele qanshadan-qansha insanlardi’n’ ruwxi’y sho’lin qandi’ri’p, nesheden-neshe ilimiy-izertlewlerdin’ obektine (u’yrenetug’i’n zati’na) aylanadi’. Sebebi, ulli’ ko’rkem so’z ustasi’ni’n’ bizge ha’m bizden son’g’i’ a’wladlarg’a qaldi’ri’p ketken bay ma’deniy miyrasi’ da’wirler wo’tken sayi’n jan’adan-jan’a izertlewlerge ni’shana (obekt) bolatug’i’nli’g’i’na gu’man joq. Usi’nday a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri shayi’r poeziyasi’nda ko’p qollani’lg’an ko’rkem qaytalawlardi’n’ biri alliteraciyalar boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq a’debiyattani’wi’nda alliteraciyalar haqqi’nda ilimiy-teoriyali’q pikirler B.Genjemuratovti’n’ «A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’» (1997), M.Ma’mbetovani’n’ «İ.Yusupov poeziyasi’ni’n’ qosi’q quri’li’si’» (1999), Q.Worazi’mbetovti’n’ «Ha’zirgi da’wirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evolyuciyasi’ ha’m tipologiyasi’» (2004) h.t.b. miynetlerinde berilgen. A’sirese, B.Genjemuratov XIX a’sirdegi qaraqalpaq klassik shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ni’n’ poeziyasi’nda qollani’lg’an alliteraciyalar haqqi’nda joqari’da ati’ atalg’an miynetinde arnawli’ tu’rde izertledi. M.Ma’mbetovani’n’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda bul seslik uyqaslar XX a’sir qaraqalpaq klassik shayi’ri’ İ.Yusupovti’n’ poeziyasi’ mi’sali’nda uyqasti’n’ basqa tu’rleri menen birge az da bolsa u’yrenildi. Al, professor Q.Worazi’mbetovti’n’ 1970-2000 ji’llardag’i’ qaraqalpaq poeziyasi’nda ko’rkem forma ma’selesine arnalg’an ilimiy-izertlew jumi’si’nda «Uyqasti’n’ ayri’qsha tu’rlerinin’ biri-seslik uyqaslar. İzertlenip woti’rg’an 30 ji’lli’qta da alliteraciya, assonans, anafora si’yaqli’ seslik uyqaslar shayi’rlardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nda ushi’rasti’ ha’m wolar qosi’q ko’rkemligin artti’ri’wg’a so’zsiz ta’sir jasadi’. Sh.Seyitov, T.Ma’tmuratov, K.Raxmanov, T.Sa’rsenbaev, B.Genjemuratov, M.Qarabaev si’yaqli’ shayi’rlardi’n’

[1] И.Юсупов поэзиясы бойынша жәрияланған мақалалар дизими ҳаққында мағлыўматлар төмендеги мийнетлерде берилген: Турдыбаев Қ. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы Библиографиялық көрсеткиш. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010; Турдыбаев Қ. Қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясы (Библиографиялық көрсеткиш. 1950-2010 жж.). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010.

shi'g'armalari'nda seslik uyqaslar ko'birek gezlesetug'i'ni' bayqaldi'»[1] dep jazadi' ha'm alliteraciya boyi'nsha ko'rkem-a'debiy materiallardi' ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' talantli' wa'killeri T.Ma'tmuratov, K.Raxmanov, B.Genjemuratovlardi'n' poeziyasi' mi'sali'nda ayri'qsha qi'zi'g'i'wshi'li'q penen tallaydi'. Degen menen, bul izertlewlerde qaraqalpaq poeziyasi'ndag'i' alliteraciyalar qosi'q quri'li'si'ni'n' basqa da ma'seleleri menen birge izertlengen. M.Ma'mbetovani'n' dissertaciyasi' İ.Yusupov poeziyasi'ni'n' qosi'q quri'li'si' ma'selesi haqqi'nda arnawli' ilimiy-izertlew jumi'si' bolsa da, wonda shayi'r poeziyasi'ndag'i' alliteraciyalarg'a ju'da' az wori'n (bar bolg'ani' 5-6 bet, yag'ni'y jumi'sti'n' 65-70 betleri) aji'rati'lg'an. Sonli'qtan, İ.Yusupov poeziyasi'nda mazmundi' ko'rkem tu'rde jetkeriwde alliteraciyalardi'n' tutqan worni'n arnawli' tu'rde u'yreniw za'ru'r dep yesaplaymi'z.

**Pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'ni'n' tiykarg'i' maqseti** XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' klassik shayi'ri' İ.Yusupovti'n' poetikali'q mazmundi' jetkeriwde so'z saplaw sheberligin shayi'r poeziyasi'nda qollani'lg'an seslik qaytalawlar, yag'ni'y alliteraciyalar arqali' ani'qlawdan ibarat. Bul maqsetke yerisiw ushi'n to'mendegi wazi'ypalar wori'nlani'wi' tiyis:

– alliteraciya tu'sinigi haqqi'nda teoriyali'q mag'li'wmatlar beriw;

– alliteraciyani'n' tu'rkiy poeziyada, soni'n' ishinde qaraqalpaq poeziyasi'nda tutqan worni'n ani'qlaw;

– buni'n' ushi'n yertedegi tu'rkiy poeziyasi'nan, qaraqalpaq xali'q awi'zeki a'debiyati'nan, uli'wma qaraqalpaq poeziyasi' tariyxi'nan mi'sallar keltirip da'lillew;

– milliy poeziyami'zda bul seslik qaytalawlardi'n' klassik shayi'r İ.Yusupov do'retiwshiliginde qollani'li'w wo'zgesheliklerin u'yreniw;

– buni'n' ushi'n shayi'r poeziyasi'nan ko'rkem tekstlik mi'sallar toplaw ha'm wolardi' ko'rkem tallaw;

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 120-б.

– uli’wma, İ.Yusupovti’n’ ko’rkem shi’g’arma tilin bayi’ti’wda, qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ qosi’q quri’li’si’n rawajlandi’ri’wda qosqan u’lesin wo’z aldi’na ali’p u’yreniwden ibarat.

**Jumi’sti’n’ u’yreniw obyekti** retinde İ.Yusupovti’n’ ha’r qi’yli’ ji’llarda baspadan shi’qqan poetikali’q toplamlari’ndag’i’ saylandi’ poeziyali’q shi’g’armalari’nan du’zilgen «Wo’mir, sag’an ashi’qpan....» (No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1999) saylandi’ shi’g’armalar toplami’nan paydalani’ldi’.

**Jumi’sti’n’ metodi’ ha’m metodologiyali’q tiykari’.** Jumi’s bu’gingi ja’miyetlik, ruwxi’y rawajlani’w haqqi’ndag’i’ aldi’n’g’i’ progressiv woy-pikirlerdi, milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi’ principlerin basshi’li’qqa alg’an halda jazi’ldi’.

Jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda A.P.Kvyatkovskiy, V.E.Xalizev, N.Hotamov, B.Sari’msaqov, T.Babaev, S.Axmetov, K.Ma’mbetov, Q.Muratbaev, Q.Ja’rimbetov, Q.Worazi’mbetov, J.Yesenov, B.Genjemuratov, M.Ma’mbetova ha’m tag’i’ basqalardi’n’ miynetlerinen ilimiy-teoriyali’q da’rek si’pati’nda paydalani’ldi’.

Jumi’sta I.Yusupov poeziyasi’nda seslik uyqaslardi’n’, atap aytqanda, allitareciyalardi’n’ ko’rkemlik sag’alari’ qaraqalpaq xali’q awi’zeki a’debiyati’nan, yertedegi ji’raw-shayi’rlar miyrasi’nan h.t.b. izlendi. Bul ushi’n sali’sti’rma-tariyxi’y ha’m ko’rkem analiz metodlari’nan paydalandi’q. Sonday-aq, bul ma’selede shayi’r poeziyasi’ basqa da ha’zirgi da’wir shayi’rlari’ni’n’ poeziyasi’ menen sali’sti’rmali’-tipologiyali’q bag’darda u’yrenildi.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’** kirisiw ha’m juwmaqlaw bo’limlerinen ti’sqari’ u’lken yeki baptan turadi’. I bap «Qaraqalpaq poeziyasi’nda alliteraciyani’n’ tutqan worni’», II bap «I.Yusupov poeziyasi’nda alliteraciyalardi’ qollani’w sheberligi» dep ataladi’. Jumi’sti’n’ son’i’nda paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi alfavit ta’rtibinde berildi.

# I BAP. QARAQALPAQ POEZIYASI’NDA ALLITERACIYANI’N’ TUTQAN WORNI’

Tu’rkiy poeziyada alliteraciya yerteden qollani’li’p kiyati’rg’an ko’rkem fonetikali’q qubi’li’slardi’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Ma’selen, tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ folklori’nda, yertedegi tu’rkiy jazba yesteliklerinde alliteraciya ko’rkem mazmundi’ jetkeriwdin’, i’rg’aq payda yetiwdin’ yen’ tiykarg’i’ usi’llari’ni’n’ biri bolg’an. Sonli’qtan, «… bir-biri menen baylani’sti’ri’wshi’ sesli i’rg’aqlardi’n’ payda boli’wi’… so’zlerdin’ ko’rkemlilik i’rg’aqlari’n ku’sheytip, wolardi’ bir-biri menen jaqi’nlasti’rg’an»[1]. Al, bul wo’z gezeginde ko’rkem so’zdin’ muzi’kali’li’g’i’n artti’ri’wg’a, kewilge qoni’mli’li’gi’n ta’miyinlewge, estetikaliq ta’sirshen’ligin ku’sheytiwge, yen’ basli’si’ mazmundi’ suli’w jetkeriwge ayri’qsha xi’zmet yetken. Ha’zirgi’ ku’nde de tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’nda, soni’n’ ishinde qaraqalpaq a’debiyati’nda bul ko’rkemlik da’stu’r sheberlik penen dawam yettirip kelinbekte.

Uli’wma, «Alliteraciya pu’tkil du’nyadag’i’ xali’qlardi’n’ poeziyasi’ ha’m a’debiyati’nda ushi’rasadi’, – dep tu’sinik beredi A.Kvyatkovskiy ha’m wol Gomerdin’, Gesiodti’n’, Goraciydin’, Vergiliydin’, sonday-aq, Yevropali’ shayi’rlar Dantenin’, Petrarkani’n’, Ronsardi’n’ ha’m Shekspirdin’ qosi’qlari’ da alliteraciyag’a bay bolg’ani’n ayti’p wo’tedi»[2].

Alliteraciya a’debiy shi’g’armani’n’ ko’rkemligin ta’miyinleytugi’n elementlerdin’ biri si’pati’nda a’debiyattani’wda, ko’binese, ko’rkem fonetika (ko’rkem shi’g’armani’n’ tili) ha’m qosi’q qurilisi ma’selelerin u’yreniwde ken’ qollani’ladi’. A’sirese, wol poeziyali’q shi’g’armalardi’n’ ko’rkemligin, emocionallig’n (ta’sirshen’ligin) artti’ri’wda ayri’qsha a’hmiyetke iye. Sebebi, ha’r qanday qosi’q birinshi gezekte woqi’wshi’da estetikali’q sezim woyatadi’. Al, «Qosi’q woqi’wshi’da estetikali’q sezim woyati’wi’ ushi’n, wol yen’ da’slep ku’shli sezim menen jazilg’an boli’wi’ tiyis. Sonda g’ana qosi’qti’n’ ta’sirshen’ligi ku’shli

---

[1] Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999, 65-66 бб.
[2] Генжемуратов Б.Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 58-б.

boladi. Qosi'qti'n' emocionalli'g'i' bolsa wo'lshem, ritm, uyqas, poetikali'q figuralar, ko'rkem qurallar menen birge poetikali'q fonetikag'a da baylani'sli' boladi'»[1]. Solay yeken, alliteraciya ko'rkem fonetikali'q qubi'li'slardi'n' bir tu'ri si'pati'nda qosi'qta wo'z worni'na iye. Sonday-aq «Alliteraciya qosi'q quri'li'si'ni'n' sapali'li'gi'n ta'miyinlewde a'hmiyeti bar»[2]. Sonliqtan da, wol ayirim teoriyaliq miynetlerde ko'rkem shi'g'armani'n' tili, soni'n' ishinde ko'rkem fonetika bo'liminde[3], al bazi' bir miynetlerde qosiq quri'li'si' tarawi'ni'n' ishinde, atap aytqanda seslik uyqaslardi'n' bir tu'ri si'pati'nda u'yrenilgen[4]. Biraq, bizin'she, bul yekewi de qa'te tu'sinikler yemes.

«Alliteraciya – qosi'q qatarlari'nda, ko'birek so'zlerdin' basi'nda dawi'ssi'z seslerdin' qaytalani'wi'. Wol yeski german, tu'rk xali'qlari'ni'n' a'debi'yatlari'nda ushi'rasadi'»[5]. S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja'rimbetovlar ta'repinen du'zilgen «A'debiyattani'w atamalari'ni'n' worissha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi»nde alliteraciyag'a to'mendegishe ani'qlama beriledi: «Alliteraciya, ses u'nlesligi. (Lati'nsha **ad** – qaraqalpaqsha **-g'a-ge, -qa-ke** ha'm **-da-te** jalg'awlarg'a sa'ykes keledi, **littera – ha'rip** degen so'zdi an'latadi').

Ko'rkem so'zdin' ses quri'li'si' (ko'rkem fonetika) ma'selesine tiyisli. Dawi'ssi'z seslerdin' jiyi-jiyi qaytalani'wi' (ko'pshilik jag'daylarda so'z basi'nda qaytalani'wi') alliteraciya dep ataladi'»[6]. Demek, alliteraciya ko'rkem teksttegi seslik qaytalawlar boli'p yesaplanadi'. Al, wo'zbek a'debiyatshi'si' T.Babaev wo'zi'nin' «Adabiyotshunoslik asoslari» (2002) sabaqli'g'i'nda ko'rkem

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «&збекистон», 2002, 455-бет.

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 15-бет.

[3] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «&збекистон», 2002, 455-бет; Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'qdan sabaqlar. Woqiw qollanba. Nokis, «Bilim», 2012, 59-b.

[4] Ахметов С. Қарақалпақ поэзиясының қосық қурылысы ҳаққындағы мәселеге // Ахметов С., Есенов Ж. Әдебияттаныў. Хрестоматия. Нөкис, «Билим», 1994, 237-б.; Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы (көркем сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары, қосық қурылысының базы бир мәселелери). Нөкис, «Билим», 1997, 57-70 бб.; Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999, 65-70 бб.; Оразымбетов Қ.К. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 120-121 бб.

[5] Литературный энциклопедический словарь. Под общей редакцией И.М.Кожевникова и П.А.Николаева. Москва, «Советская энциклопедия», 1987, 20-бет.

[6] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 15-бет.

qaytalawlardi’ qosi’q quri’li’si’na arnalg’an III bo’limnin’ «Poetikali’q sintaksis» dep atalg’an alti’nshi’ babi’nda qaraydi’. Wol miynette ko’rkem qaytalawlardi’ fonetikaliq qaytalawlar, leksikali’q qaytalawlar, morfologiyali’q qaytalawlar, sintaktik qaytalawlar dep jiklep (klassifikaciyalap) u’yrenip, biz so’z yetip ati’rg’an alliteraciyani’ fonetikaliq qaytalawlardi’n’ bir tu’ri si’pati’nda keltiredi[1]. Ilimpazdi’n’ pikirinshe: «Alliteraciya – qosi’qta, soni’n’ ishinde, ba’ntte ha’m ma’lim da’rejede prozali’q shi’g’armalarda da birdey dawi’ssi’z seslerdin’ ta’kirarlani’wi’. Alliteraciya fonetikali’q-stilistikali’q usi’l si’pati’nda ko’rkem so’zdin’ intonaciyali’q ko’rkemligin ha’m hawazli’li’g’i’n ku’sheytedi»[2]. Demek, T.Babaevti’n’ tasti’yi’qlawi’nsha, alliteraciya tek poeziyali’q shi’g’armalarda yemes, al prozali’q do’retpelerde de ushi’rasadi’. Sonday-aq, ilimpaz alliteraciyani’ **fonetikali’q-stilistikali’q usi’l** dep yesaplaydi’. Professor K.Ma’mbetov ha’m T.Babatvti’n’ pikirine uqsas pikir aytadi’: «Alliteraciyani’n’ ayi’ri’m jetilisken tu’rleri prozada da ushi’raydi’»[3]. Ja’ne de usi’ pikirlerge u’nles pikir qaraqalpaq a’debiyattani’wi’nda S.Axmetov ha’m S.Bahadi’rovalardi’n’ du’zgen «Folklorli’q terminlerdi’n’ qi’sqasha so’zligi»nde de ushi’rasadi’: «Bulayi’nsha birgelki ha’rip, seslerdin’ qaytalani’wi’ prozali’q, dramali’q shi’g’armalarda da ushi’rasa beredi»[4]. Al, izertlewshi M.Ma’mbetova tu’rkiy poeziyadag’i’ bunday seslik uyqaslardi’ «sintaktik parallelizm» degen termin menen ataydi’[5].

Wo’zbek a’debiyattani’wi’nda yerterekte shi’qqan N.Hatamov ha’m B.Sari’msaqovlardi’n’ «A’debiyattani’w terminlerinin’ russha-wo’zbekshe tu’’sindirme so’zligi»nde alliteraciyani’ yekige bo’lip qaraydi’: «a) dawi’sli’ seslerdin’ uyg’i’nlasi’wi’ na’tiyjesinde ju’zege kelgen vocal alliteraciya; b) dawi’ssi’z seslerdi’n’ uyg’i’nlasi’wi’na tiykarlang’an konsonant alliteraciya»[6]. Biraq bu’gingi ku’nde ko’pshilik ilimiy a’debiyatlarda dawi’sli’ seslerdin’ ta’kirarlani’wi’n

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «&збекистон», 2002, 431-б.

[2] Сонда, 456-б.

[3] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995, 122-б.

[4] Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1992, 5-б.

[5] Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999, 65-б.

[6] Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979, 26-б.

«assonans» degen termin menen, dawi’ssi’z seslerdin’ qaytalani’wi’n «alliteraciya» termini menen ajiratip u’yrenip ju’r. Ma’selen, rus a’debiyattani’winda V.Ye.Xalizev[1], wo’zbek a’debiyattaniwinda T.Babaev[2], qaraqalpaq a’debiyattani’wi’nda Q.Worazi’mbetov[3] seslik qaytalawlardi’ usi ko’zqarastan u’yrendi. Biz, bul pitkeriw-qa’nigelik jumi’si’mi’zda son’g’i’ ko’zqarasti’ basshi’li’qqa ali’wdi’ maqul ko’rdik.

Ja’ne de N.Hatamov ha’m B.Sari’msaqovlardi’n’ so’zliginde ayi’ri’m jag’daylarda alliteraciyag’a tiykarlanip qosi’qlar da do’retigenli’gi’n XX a’sir wo’zbek poeziyasi’ (atap aytqanda, Ha’mid A’limjan, Yerkin Vaxidov, Abdulla Aripovlardi’n’ qosiq qatarlari’) mi’sali’nda da’lilleydi. Ha’tte, wonnan aldi’n du’ nya a’ debiyati’nda (a’yyemgi nemis, island ha’m anglosakson poeziyasi’nda, ha’zirgi island, buryat, qalmi’q, qi’rg’i’z, qazaq, tu’rkmen ha’m wo’zbek poeziyasi’nda) **«alliteraciyali’q qosi’q»** degen termin menen atali’wshi’ poeziyali’q shi’g’armalardi’n’ yerteden bar yekenligi ha’m ha’zir de do’retilip ati’rg’anli’g’i’ haqqi’nda terminologiyali’q ani’qlama ha’m teoriyali’q mag’li’wmatlar beriledi[4]. Sonday-aq, wo’zbek a’debiyatshi’si’ T.Babaev joqari’da ati’ atalg’an miynetinde alliteraciyalarg’a uqsas ha’riplerdin’ ayri’qsha ta’kirarlani’wi’na tiykarlang’an ko’rkem wo’nerdi wo’zbek klassikali’q poeziyasi’nda **«tavziy san’ati»** (biz wo’zbek klassikali’q poeziyasi’ndag’i’ bul a’debiy termindi awdarmastan, sol turi’si’nda qollani’qdi’ maqul dep tapti’q – U.B.) dep ju’ritkenligin tasti’yi’qlaydi’. Qaraqalpaq a’debiyattani’wi’nda bolsa, professor K.Ma’mbetov **«Alliteraciyali’q usi’ldi’n’ yen’ jetilisken formasi’ muashshaq»**[5] dep yesaplaydi. Solay yetip, alliteraciya usi’li’ni’n’ poeziyani’n’ formali’q rawajlani’wi’ ushi’n da ayri’qsha ta’siri bar yeken, - degen juqmaqqa keliwge boladi’. Soni’ da ayti’p wo’tiw kerek, seslik

---

[1] Bul mag’liwmatlar to’mendegi miynetten ali’ndi’: Оразымбетов Қ.К. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 121-б.

[2] Бобоев Т. Аты көрсетилген мийнет, 431, 455-458 бб.

[3] Оразымбетов Қ.К. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 120-121 бб.

[4] Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979, 26-бет.

[5] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995, 123-бет.

qaytalawlar ko’rkem shig’armada shennen ti’s yamasa maqsetsiz qollani’lsa, woni’n’ ko’rkemligine zi’yan keledi. Bul pikir a’debiyatshi’lar ta’repinen ha’m tasti’yi’qlang’an[1]. Demek, ko’rkem shi’g’armada seslik qaytalawlardi’ ko’zsiz qollani’w, kerisinshe, do’retpenin’ ko’rkemlik quni’n tu’siredi.

Qaraqalpaq poeziyasi’nda alliteraciyani’n’ qa’liplesiw sag’alari’n yeski tu’rkiy jazba esteliklerinen, yertedegi folklor u’lgilerinen izlegen maqsetke muwapi’q keledi. Ma’selen, «A’yyemgi tu’rk qag’anli’g’i’ni’n’ yadi’gerligi – Orxon-Enisey jazba yesteliklerin woqi’p woti’ri’p, usi’ tasqa jazi’lg’an shi’g’armalarda qandaydur poetikali’q ni’zamli’li’qti’n’ bar yekenin seziwge boladi’:

**T**a’n’ri **t**eg, **t**a’n’ride bolmi’sh,
**T**u’rk Bilge qag’an,
Bu yerde wol **t**ur**t**i’m,
Sabi’mi’n **t**u’k**t**i yesi**t**kil »[2]

Joqari’da tasti’yi’qlang’an «shi’g’armadag’i’ qandaydur poetikali’q ni’zamli’li’q» – bul seslik qaytalawlar, yag’ni’y alliteraciyalar menen baylani’sli’. Sonli’qtan da, «usi’ to’rt qatar woqi’lg’anda, qulaqqa yesitilgende si’ldi’rlap, a’jayi’p jag’i’mli’li’g’i’ menen wo’zine tartadi’»[3]. Demek, so’zlerdin’ jag’i’mli’li’g’i’na, wolardi’n’ suli’w jetkeriliwine itibar beriw tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’nda a’yyemnen-aq bar.

Qaraqalpaq folklori’nda qi’sqa poetikali’q qatarlardan quralg’an naqi’l-maqallardi’n’ wo’zinen alliteraciyag’a ko’plep mi’sallar keltiriwge boladi’. Sebebi, xalqi’mi’z a’zelden so’z ko’rkemligine, woni’n’ qulaqqa jag’i’mli’ yesitiliwine, sol arqali’ woni’n’ ju’rekke tez jol tabi’wi’na ayri’qsha kewil bo’lgen. Ma’selen:

Uli’n uyag’a,
Qi’zi’n qi’yag’a qondi’ri’w.

Yamasa: Uli’ Rumg’a,

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «&збекистон», 2002, 431-б.; Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’qdan sabaqlar. Woqiw qollanba. Nokis, «Bilim», 2012, 59-b.

[2] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 57-б.

[3] Сонда.

Qi'zi' qi'zi' Qi'ri'mg'a ketiw

degen bir-birine qarama-qarsi' mazmundag'i' yeki naqi'lda ga'ptin' ha'r bir qatari'nda seslik qaytalawlardi' yesitiwge boladi'. Kala berse, usi' kishi ko'lemli ko'rkem tekstlerdin' wo'zinde seslik qaytalawlardi'n' yeki tu'rinin' qatnasqanli'g'i'n ko'remiz: birinshisi, dawi'sli' seslerdin' qaytalani'wi'nan du'zilgen assonans, yekinshisi tek dawi'ssi'z seslerdin' ko'rkem ta'kirarlani'wi'nan payda bolg'an alliteraciya u'nlesligi. Birinshi mi'saldag'i' seslik qaytalawlar ti'n'lawshi'da jaqsi' woy-pikir ha'm jag'i'mli' ta'sir qaldi'rsa, al yekinshi mi'salda woni'n' kerisi boli'p tabi'ladi'. Demek, bul qaytalawlar yeki mi'salda da poetikali'q mazmundi' teren'lestirip, woni'n' emocionalli'g'i'n (ta'sirshen'ligin) artti'rg'an. Ja'ne de:

1. **K**elindi **k**elgende **k**o'r.
2. **Q**ori'**qq**ang'a **q**os ko'riner.
3. **Q**i'zi'l **j**u'zli **j**igittin',
   **Q**i'zarg'ani' wo'lgeni.

Birinshi ha'm yekinshi naqi'lda bir qatardi'n' wo'zinde dawi'ssi'z («k», «q») seslerinin' u'nlesligi sezilse, u'shinshi mi'saldag'i' alliteraciya wo'zinin' teoriyali'q ani'qlamasi'na (alliteraciya ko'binese so'zlerdin' basi'nda qaytalanadi', - degen pikirge) sa'ykes keledi.

Sonday-aq, yertede so'z qu'diretinen paydalani'w, woni'n' insan turmi'si'nda tutqan worni'n ku'sheytiw maqsetinde de alliteraciyalardan sheber paydalani'lg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Ma'selen, bul jag'daydi' folklorli'q janr – ayti'mlarda ushi'ratami'z:

**T**olqi'ndi' ayda **t**o'n'kerip,
**T**awlar **t**ursi'n **t**en'selip,
Yeginimnin' qawi'g'i'n,
Ushi'ri'p **k**et bir **k**elip,
Aydar! Aydar! Aydar! Aydar![1]

---

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 150-б.

Bunda alliteraciya yerte da'wirdegi xali'qlardi'n' isenim tu'rleri menen baylani'sli' qollani'lg'an. Yertede diyxanlar, qarapayi'm xali'q wa'killeri qi'rman tazalaw payi'ti'nda samal shaqi'ri'w ushi'n «Aydar, aydar!» ayti'mi'n aytatug'i'n bolg'an. Ma'selen, bul ayti'mda so'zdin' qu'diretine, samal shaqi'ri'wg'a bolg'an isenim «**T**olqi'ndi' ayda **t**o'n'kerip», «**T**awlar **t**ursi'n **t**en'selip» qatarlari'nda berilip tur. Bunda «t» u'nsiz dawi'ssi'z sesi tek so'zlerdin' ma'zi uyqasi'wi' ushi'n yemes, al «tolqi'ndi' to'n'keretug'i'n», «tawlardi' ten'seldirip turatug'i'n» ku'shli samaldi' shaqi'ri'w ushi'n qatnasti'ri'lg'an.

Folklordi'n' kishi tu'ri bolg'an jumbaqlarda da alliteraciya ko'rkemlik xi'zmet atqarg'anli'g'i'n mi'sallar menen da'lillegimiz keledi:

**T**ap **t**ap **t**ami'zi'q,
**T**ama**t**ug'i'n **t**ami'zi'q,
**K**o'len'**k**esi gu'misten,
**K**u'yetug'i'n tami'zi'q.
(Gu'belek)[1].

Yamasa:

**T**am basi'na **t**ari' jaydi'm.
(Juldi'z).

Bul mi'sallarda «t», «k» sesleri tek so'zlerdin' poetikali'q suli'wli'g'i' ushi'n yemes, al jumbaqta jasi'ri'ni'p ati'rg'an zatti'n' wo'zine ta'n si'patlari'n beriw ushi'n xi'zmet yetken.

A'sirese, alliteraciyani'n' so'z woyi'ni'n quri'wdag'i' sho'lkemlestiriwshilik xi'zmeti folklordag'i' qi'zi'qli' janrlardi'n' biri jan'i'ltpashlardi'n' payda boli'wi'na ali'p kelse itimal. Usi' jerde biz joqari'da professor K.Ma'mbetovti'n' tu'rkiy jazba poeziyada «So'z woyi'ni'ni'n' yen' jetilisken formasi' muashshaq» degen pikirlerin yesley woti'ri'p, xali'q awi'zeki do'retiwshiliginde so'z woyi'ni'ni'n' yen' jetilisken

[1] Бул мысал «Кодекус куманикус» йестелигинен келтирилген // Мәмбетов К. Ерте дәуирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 112-б.

tu'ri jan'i'ltpash, - degimiz keledi. Ma'selen buni' to'mendegi mi'sallar menen da'lilleyik:

A**q** sha'yne**kk**e **k**o'**k** **q**a**q**pa**q**,
**K**o'**k** sha'yne**kk**e a**q** **q**a**q**pa**q**,
A**q** **q**a**q**pa**q**, **k**o'**k** **q**aqpa**q**,
**K**o'**k** **q**a**q**pa**q**, a**q** **q**a**q**pa**q**.

Yamasa:

Bi**z**in' **k**o'**sh**e, si**z**in' **k**o'**sh**e,
Si**z**in' **k**o'**sh**ede ko'p **sh**o'**j**e,
**K**o'p **sh**o'**j**e, **k**o'**k** **sh**o'**j**e,
**K**o'**k** **sh**o'**j**e, **k**o'p **sh**o'**j**e.

Birinshi mi'salda fonetikali'q jaqtan wo'z-ara uqsas bolg'an u'nsiz «k» ha'm «q» seslerinin' u'nlesligi berilse, yekinshi mi'salda u'nli «z», «j» ha'm u'nsiz «k», «sh» seslerinin' u'nlesligi seziledi. Bul seslerden quralg'an jan'i'ltpashlardi' jan'i'lmay, ku'lkige qalmay tez ayti'w ushi'n bolsa, shaqqanli'q ha'm yepshillikti talap yetedi. Solay yetip, bul folklorli'q janrlardi'n' ko'pshiligi poeziyali'q tilde bayanlang'an. ko'rkem tildin' bul formasi'nda bayanlawda da ses u'nlesliginin' worni' ayri'qsha.

Sonday-aq, seslik qaytalawlar terme-tolg'awlarda da jiyi ushi'rasadi'.

Folklorli'q janrlardi'n' yen' u'lken tu'ri bolg'an xali'q da'stanlari'nda da alliteraciyani'n' sheber u'lgilerin ko'riwimizge boladi'. Ma'selen, «Alpami's», «Qoblan», «Qi'ri'q qi'z», «Yedige», «Sha'ryar» ha'm tag'i' basqa da'stanlarda suli'w alliterciyalar bar. Da'stanlarda alliteraciyalardi'n' qollani'li'wi' wolardi'n' ko'rkemligin ha'm sapali'li'g'i'n artti'ri'wg'a u'les qosqan. Mi'sali':

**T**ekedeyin **t**ires**t**i,
Qorazdayi'n juli'sti',
**Q**ollari'n jazdi'ri'p,
**K**eyin-**k**eyin sheginip,

**Q**osh**q**arday kelle taslasti’[1].

**K**ellen’di **k**esedi,
Qani’n’di’ ishedi,
**Q**ash**q**an **q**uti’lar,
**T**urg’an **tut**i’lar...[2]

Bul u’zindilerde sawash maydani’ndag’i’ ko’rinisler alliteraciyalar ja’rdeminde su’wretlengen. Keltirilgen mi’sallarda «q», «k», «t» dawi’ssi’z sesleri arqali’ alliteraciyalar jasalg’an.

B.Genjemuratov «A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’» miynetinde qaraqalpaq xali’q da’stanlari’ndag’i’ ji’rawlar ji’rlaytug’i’n qosi’q qatarlari’ni’n’, terme ha’m tolg’awlardi’n’ uzaq a’sirler dawami’nda saqlani’p bizge jetiwinde, wolardi’n’ ku’shinin’ sapali’li’g’i’nda alliteraciyani’n’ tutqan worni’ ayri’qsha yekenligin tasti’yi’qlaydi’ ha’m woni’ bir g’ana «Qoblan» da’stani’ndag’i’ at obrazi’n su’wretlewde qollani’lg’an alliteraciyalar arqali’ da’lilleydi:

**Q**ol**t**i’g’i’nda **q**ana**t**i’,
Ir**g’**i’-i’r**g’**i’ **t**ori’ a**t**i’m.
Woylarg’a tikken wotawday,
**T**uyag’i’ suli’w **T**ori’ a**t**i’m.
**Q**a**qq**an **q**azi’**q** se**k**illi,
Ayag’i’n’ suli’w **T**ori’ ati’m.
**T**a**q**i’rdan **t**ar**tq**an salmaday,
Moyi’ni’n’ suli’w **T**ori’ a**t**i’m[3].

Bunda da «q», «k», «t» sesleri alliteraciyag’a ushi’rap, teksttin’ ta’sirshen’ligin ta’miyinlegen.

[1] «Алпамыс» дәстаны. Хожамберген Нияз улы – Өгиз жыраўдан жазып алған Қаллы Айымбетов. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 55-б.
[2] Сонда, 63-б.
[3] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 58-б.

Al, «Yedige» da’stani’da alliteraciyalar qaharman obrazi’n jasaw ushi’n xi’zmet yetkenligin mi’sallar da’lilleydi:

**Q**us to’resi **q**uw yedi,
**Q**uladin **q**usti’n’ **q**uli’ yedi,
**Q**ul to’renin’ jawi’ yedi,
**Q**uladindi **q**aytari’p,
**Q**uw ildirdin’ Nuratdin,
Bul gu’nan’di’ qa’yteyin.

Bul mi’salda da, tiykari’nan, «q» dawi’ssi’z sesi alliteraciyag’a ushi’rag’an. Usi’ jerde soni’ da ayti’p wo’timiz kerek, joqari’da keltirilgen mi’sallardi’n’ derlik ko’pshiliginde «q» sesinin’ alliteraciyasi’ ko’birek ushi’raydi’. Demek, qaraqalpaq a’debiyati’nda «q» dawi’ssi’z, sonday-aq «t» dawi’ssi’z sesi ko’birek alliteraci jasawg’a qatnasadi’.

Uli’wma aytqanda, qaraqalpaq xali’q da’stanlari’nda alliteraciyani’n’ a’lwan tu’rli ko’rinislerin ko’riwimizge boladi’.

Qaraqalpaq poeziyasi’ tariyxi’nda ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde (terme-tolg’awlarda) alliteraciyani’n’ ko’plep isletilgenligin bayqaymi’z. Ma’selen, Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw, Asan qayg’i’, Dospanbet ji’raw tolg’awlari’nda seslik qaytalawlar jiyi-jiyi isletilgen ha’m wog’an ideyali’q-estetikali’q wazi’ypa ju’klengen. Atap aytqanda, Soppasli’ Si’pi’ra ji’rawdi’n’ (XIV a’sir) xalqi’mi’z arasi’nda ken’ tarqali’p ketken to’mendegi tolg’awi’ wo’zinin’ teren’ filosofiyali’q mazmuni’ menen birge si’rtqi’ formasi’ arqali’ da tez yadlani’wshi’li’q qa’siyetine iye:

**Q**arshi’g’a **q**usti’n’ balasi’,
**Q**ayi’n’da bolar uyasi’.
**Q**ayi’n’ni’n’ tu’bin suw alsa,
**Q**ayg’i’rar yeken anasi’.
**J**apalaq qusti’n’ balasi’,
**J**apada bolap uyasi’.

**J**apani'n' tu'bin suw alsa,
**J**i'laydi' yeken anasi'[1].

Bunda, birinshiden, tolg'aw wo'zinin' teren' mazmuni' menen ta'sir qaldi'rsa, yekinshiden, seslik qaytalawlar tiykari'nda payda bolg'an i'rg'ag'i' menen ta'sirshen'ligin artti'radi'. Professor K.Ma'mbetov tolg'awdi'n' ta'sirshen'ligi tek woni'n' mazmuni' menen sheklenip qalmastan, ses i'rg'aqlari' arqali' da berilgenligin ayri'qsha atap wo'tedi ha'm bul boyi'nsha to'mendegishe pikir bildiredi: «Bundag'i' qosi'qti'n' ha'r bir qatari' ku'shli ses i'rg'aqlari'na boysi'ndi'ri'lg'an. Yag'ni'y ha'r bir kuplet belgili bir ha'rip penen baslani'p, sol ha'rip penen tamamlang'an... Bul jag'i'nan qarag'anda tolg'aw Shi'g'i's shayi'rlari'ni'n' da'stu'rlerine wog'ada usap ketedi»[2]. A'lbette, bul ko'rkemlik da'stu'r alliteraciyali'q su'wretlew usi'li' menen baylani'sli'.

Bul mi'salda buri'nnan jiyi isletilip kiyati'rg'an «q» u'nsiz dawi'ssi'z sesi menen birge, u'nli dawi'ssi'z «j» sesinen paydalai'nlg'an. Sonday-aq, Soppasli' ji'raw wo'z tolg'awlari'nda didaktikali'q mazmundi' ku'sheytiwde de alliteraciyadan sa'tli paydalang'an. Ma'selen:

**B**ay **b**alasi' **b**ayg'a usar,
**B**aylan**b**ay wo'sken tayg'a usar.
**B**iy **b**alasi' **b**iyge usar,
**B**iyik-**b**iyik shi'n'g'a usar.

Keltirilgen mi'salda «b» u'nli dawi'ssi'z sesi ha'r bir qatarda, qatar basi'nda qaytalang'an. Na'tiyjede ses u'nlesiligi kelip shi'qqan. Joqari'da keltirip wo'tken mi'sallari'mi'zdi'n' ha'mmesinde biz u'nsiz dawi'ssi'zlardi'n' alliteraciyag'a ushi'raw jag'daylari'n ko'rgen yedik. Al, Soppasli' Si'pi'ra ji'raw do'retiwshiliginde ko'birek u'nli dawi'ssi'zlardi'n' ushi'rasatug'i'nli'g'i'n ko'rdik. Demek, bul da ji'rawdi'n' alliteraciyalardi' qollani'wda wo'zine ta'n sheberligi boli'p tabi'ladi'.

---

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 182-б.
[2] Сонда.

Asan Kayg’i’ (XV a’sir) do’retiwshiliginde de alliteraciyalardi’n’ qollani’lg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Woni’n’ to’mendegi belgili tolg’awi’nda alliteraciyani’n’ jiyi isletilgenin bayqaymi’z:

**Q**uyri’g’i’ jo**q**, jali’ jo**q**,
**Q**ulan **q**a’ytip **k**u’n **k**o’rer?
Ayag’i’ jo**q**, **j**ali’ **j**o**q**
**J**i’lan **q**a’ytip **k**u’n **k**o’rer?
**Sh**i’bi’n **sh**i’qsa jaz boli’p,
**T**azlar qa’y**t**ip **k**u’n **k**o’rer?
Jalan’ ayaq mu’sa’pir,
G’azlar **q**a’ytip **k**u’n **k**o’rer?
**X**an menen biyler qi’sqanda,
**X**ali’**q** **q**a’ytip **k**u’n **k**o’rer?

Tolg’aw didaktikali’q si’patta, xali’q ta’g’dirine teren’ qayg’i’ri’w mazmuni’nda do’retilgen. Seslik qaytalawlar tolg’awda berilgen didaktikali’q mazmunni’n’ ju’zege shi’g’i’wi’na ta’sir yetken. Atap aytqanda, tolg’awda bul ko’rkemlik funkciyani’ «q», «k», «j», «x» sesleri atqari’p tur. Ja’ne de:

**K**o’lde ju’r**g**en **q**on’i’r **g’**az,
**Q**i’r **q**a’dirin ne bilsin.
**Q**i’rda ju’rgen tuwala**q**,
Suw qa’dirin ne bilsin[1].

degen qatarlari’ bar tolg’awi’nda da alliteraciya didaktikali’q mazmundi’ sa’wlelendiriwde qatnasti’ri’lg’an. Birinshi qatarda «k» ha’m «q», «g» ha’m «g’» sesleri, yekinshi ha’m u’shinshi qatarlarda ja’ne «q» sesi qaytalang’an. Bul wo’z gezeginde ko’rkem teksttin’ ti’n’lawshi’larg’a (wol da’wirlerde ji’rawlar wo’zleri do’retken terme-tolg’awlardi’ qobi’z ja’rdeminde awi’zsha atqaratug’i’n bolg’an – U.B.) ta’sirli jetkeriliwin ta’miyinlegen.

---

[1] Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 189-б.

Dospanbet ji'rawdi'n' (XV a'sir) jawgershilikke baylani'sli' tolg'awlari'nda da alliteraciyani'n' u'lgilerin ko'riwimizge boldai'. Mi'sali':

**S**aq yeter tiydi **s**ani'ma,
Qa**tt**i' ba**tt**i' jani'ma,
**Q**oni'shi'm toldi' **q**ani'ma.
**J**aradar boldi'm, **j**an tatli',
**J**ara awzi'na **q**an **q**atti'.
**J**armay pilte salg'anday,
**J**aramdi' tan'ar **j**an qayda?
**J**ag'daysi'z **j**erde **j**ati'rman,
**J**ani'mda bir tuwi'sqanni'n' jog'i'nan[1].

Bul tolg'awda «s», «t», «j» sesleri alliteraciyalari' elegiyali'q mazmundi' ku'sheytip beriw ushi'n qollani'lg'an. Solay yetip, woni'n' ko'rkemligi ta'miyinlengen.

Ha'r qi'yli' mazmundag'i' (filosofiyali'q, didaktikali'q, elegiyali'q h.t.b.) bul tolg'awlarda alliteraciya, yag'ni'y ses u'nlesligi ayri'qsha bir ko'rkem sha'rtlilikke aylang'anday seziledi.

Bul ko'rkemlik da'stu'r ji'raw-shayi'rlar do'retiwshiligen ha'm wo'tip, XVIII-XIX a'sirlerdegi qaraqalpaq a'debiyati'nda da sa'tli paydalani'ldi'.

A'sirese, alliteraciyalardi'n' stillik jaqtan sheber qollani'li'wi' XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'nda jiyi ushi'rasadi'. A'debiyati'mi'zdag'i' bul ko'rkemlik da'stu'rdi klassik shayi'rlari'mi'z A'jiniyaz, Berdaq, Gu'lmurat ha'm tag'i' basqalar ka'mine jetkerip qollandi'.

A'sirese, A'jiniyaz poeziyasi'nda ko'rkem ta'kirarlawlardan alliteraciya, assonans ha'm anaforalar ko'rkem sheberlik penen qollani'lg'an. Bul pikirdi filologiya ilimlerinin' kandidati' B.Genjemuratov ta ilimiy jaqtan da'lillep bergen

[1] Мәмбетов К. Ерте дәүирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 202-б.

yedi[1]. A’jiniyaz lirikasi’nda alliteraciyani’n’ sheber u’lgilerin shayi’rdi’n’ «Ay a’lip», «Quba qush» qosi’qlari’nda ushi’ratami’z. Mi’sali’:

**Q**ap – **q**apa**q** **q**ashi’n’ **q**a**q**ar**g’**a **q**a**q**i’shi’n su’mbillerin’,
**K**ep – **q**ara **k**o’zlerin’dur, **t**iyg’i’ ja’whar **t**illerin’[2].

Bul qosi’q qatarlari’nda, a’sirese, «q» sesi alliteraciyani’n’ suli’w u’lgisin payda yetken. Yen’ basli’si’, wonda su’wretlenip ati’rg’an ko’rkem obekttin’ si’rtqi’ ha’m ishki suli’wli’g’i’ usi’ seslik qaytalawlar arqali’ berilgen. Bul poetikali’q mazmundi’ beriwde seslik qaytalawlar estetikali’q ta’sirshen’likti ta’miyinlegen. Yendi «Quba qush» qosi’g’i’nan mi’sal keltireyik:

**K**ettin’ **k**o’zden **g’**ayi’p boli’p,
**K**el**h**a-**h**a **q**uw-**q**uw **q**uba **q**ush,
Men gezermen sayi’l boli’p,
**K**el**h**a-**h**a **q**uw-**q**uw **q**uba **q**ush.

Atan’ tuyg’i’n, yenen’ lashi’n,
**Q**arshi’**g’**a jiyen **q**ardashi’n’,
**K**elip **k**o’rgil **k**o’zim yashi’n,
**K**el**h**a-**h**a **q**uw-**q**uw **q**uba **q**ush[3].

Qosi’q qatarlari’nda birgelkili seslerdin’ qaytalani’wi’ ayri’qsha ko’rkemlikti payda yetken. Sesler garmoniyasi’ wo’z gezeginde teksttin’ ta’sirshen’ligin artti’rg’an.

Alliteraciyani’n’ ko’rkem formalari’ Berdaq shayi’r do’retiwshiliginde de ushi’rasadi’. ma’selen, Woni’n’ «Wo’mirim», «Balam», «Qus», «Bu’lbu’l», «Sali’q», «Ayrali’q», «Pana ber» h..t.b shi’g’armalari’nda seslik qaytalawlardi’n’ ko’rinislerin bayqawg’a boladi’. Buni’ shayi’r poeziyasi’nan ali’ng’an bir neshe mi’sallar menen da’lilleymiz:

**Sh**en’gelge qong’an bu’lbu’ldin’,

[1]Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997
[2] Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975, 77-б.
[3] Сонда, 56-б.

**Sh**i’m**sh**i’q qurli’m **s**a’ni bolma**s**.

Nama **t**a**p**sa, i’rg’aq **t**a**pp**ay,
Shal**q**i’p say**r**a**r** bi**r** ba**g’** tappay,
**T**i’n’lawi’na **q**ula**q** **t**appay,
**S**ayrawi’nda ma’ni bolma**s**.

Sultan bolma g’ayri’ yelde,
**Sh**opan bol tuwg’an jerin’de,
**Sh**ag’ala **q**us wo’z **k**o’linde,
**Sh**arqi’ldamay **s**a’ni bolma**s**.

(«Bu’lbu’l»)

**Q**olan’ shashli’, ju’zin’ appaq,
**Q**undi’z **k**irpi**k**, jup**q**a doda**q**,
Piste muri’n, la’bin’ qaymaq,
**K**elbet ja**g’**i’n’ **k**el**g**en **k**elin.

(«Kelin»)

**B**ende yedi**k** shu**bh**asi’z **h**a**q**,
**B**izdey sorli’g’a **b**ergil **b**a**q**,
Posar boldi’ qaraqalpaq,
**X**ali’**qq**a a**q**li’ – dana ber.

(«Pana ber»)

Biz «Bu’lbu’l» qosi’g’i’nda «sh», «t», «r», «q» seslerinin’ u’nlesligin, «Kelin» qosi’g’i’nda «k», «q», «g», «g’» seslerinin’, «Pana ber» qosi’g’i’nda «b», «h», «q» seslerinin’ alliteraciyasi’n ko’remiz. Demek, Berdaq shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginde de basqa shayi’rlarg’a uqsamag’an wo’zgeshelik bar. Shayi’r poeziyasi’ndag’i’ wol wo’zgeshelik **«r», «b», «h»** seslerin qollani’wda seziledi.

Usi' jerde klassikali'q a'debiyatta Gu'lmurat shayi'rdi'n' «Qayrawda jalg'i'z g'az» qosi'g'i'nda da alliteraciyani'n' qollani'lg'anli'g'i'n mi'sal keltirgimiz keledi. Ma'selen:

**Q**ayrawda jal**g'**i'z **g'**az **t**ur **q**ana**t**i'n **q**a**g'**i'p,
**G'**an'**q**i'ldaydi' ye**k**i **k**o'zden **q**an a**g'**i'p.
Ayaqtag'i' **j**ipti shaynap **j**a'niwar,
Ketsem deydi wo'z yerkime i'lag'i'p.

Bul qosi'qtag'i' qayg'i'li' mazmundi' shayi'r alliteraciyalar arqali' ku'sheytken. Woni'n' ko'rkemligin asi'rg'an.

XX a'sirde qaraqalpaq poeziyasi'nda alliteraciyalardi'n' qollani'li'wi' jekke (individual) avtorlardi'n' ko'rkemlik izlenislerinin' na'tiyjesinde a'melge asti'. Alliteraciya poeziyani'n' formali'q, stillik bayi'wi'nda ayri'qsha xi'zmet yetti. Aytayi'q, XX a'sirdin' baslari'nda A.Dabi'lov, A.Muwsaev, XX a'sirdin' wortalari'nda ha'm wonnan keyingi da'wirlerde İ.Yusupov, X.Turi'mbetov, T.Ma'tmuratov, Sh.Seyitov, G.Yesemuratov, K.Raxmanov, J.İzbasqanov, X.Da'wletnazarov, B.Genjemuratov, Sh.Ayapov h.t.b. shayi'rlar do'retiwshiliginde seslik uyqaslardi'n' ra'n'ba'ren' tu'rlerin ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Ma'selen:

**K**o'zim **s**al**s**am **q**ay bir **q**u**sq**a,
**Q**u**st**an **q**u**st**i'n' **t**u'ri ba**sq**a,
**T**arlan **s**almay wo'tken bo**s**qa,
**S**un'**q**ardi'n' **q**a'dirini bilme**s**.

yamasa:

**K**irpigi wo**q** **k**ibi **q**ara **q**asli' yedi,
Ju'**z**i a**q** **q**ag'a**z**day **q**ara shashli' yedi»[1].
(Abbaz Dabi'lov).

Birinshi mi'saldag'i' qosi'q qatarlari'nda «k», «q», «s», «t» seslerinin' wo'z-ara u'nlesiwi didaktikali'q mazmundi' beriw ushi'n qollani'lsa, al yekinshi «Bahadi'r» da'stani'nan (Ari'slanni'n' su'ygen qi'zi' Qi'rmi'zi'ni' ta'riyplew ushi'n) ali'ng'an

[1] Ахметов С, Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1992, 5-б.

u'zindide qaharman prortretin (bas qaharman Qi'rmi'zi'ni'n' prortretin) jasawda qollani'lg'an.

A'sirese, XX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'nda alliteraciyalardi'n' mazmun menen teren' baylani'si'p beriliwi xali'q shayi'ri' İ.Yusupvoti'n' do'retiwshiliginde ushi'rasadi'. Sebebi, wol a'debiyati'mi'zda millik ko'rkemlik da'stu'rler menen birge Shi'g'i's ha'm Bati's ko'rkemlik da'stu'rlerin sheber baylani'sti'ri'w, sintezlew arqali' milliy poeziyami'zdi' jan'alag'an, poetikali'q jaqtan bayi'tqan shayi'r. Shayi'r poeziyasi'nda qollani'lg'an seslik qaytalawlardi' qollani'w sheberligi wo'z aldi'na. Sonli'qtan, İ.Yuspuov poeziyasi'ndag'i' alliteraciyalardi'n' qollani'li'w sheberligi haqqi'nda jumi'si'mi'zdi'n' yekinshi babi'nda ken'irek toqtap wo'temiz.

A'debiyatshi' Q.Worazi'mbetovti'n' «Ha'zirgi qaraqalpaq lirikasi'nda ko'rkem formalardi'n' evolyuciyasi' ha'm tipologiyasi'» monografiyasi'nda 1970-2000 ji'llar poeziyasi'nda T.Ma'tmuratov, K.Raxmanov, B.Genjemuratovlar poeziyasi'nda alliteraciyalardi'n' sheber qollani'li'w jag'daylari' haqqi'nda ayri'qsha ayti'p wo'tkenligin joqari'da keltirip wo'tken yedik. Biz buni' ta'kirarlamag'an halda Sh.Seyitov poeziyasi'nan alliteraciyalardi' mi'sal keltiriwge ha'reket yetemiz. Mi'sali', woni'n' «Baxi't haqqi'nda so'z» qosi'g'i'nda seslik qaytalawlarg'a ayri'qsha kewil bo'lingen:

«**B**axi't degen – miynet» deymiz shi'malay,
**B**axi'tli'ma wo'mirinshe ju'k tasi'p:?
«**B**axi't **b**ilim… Akademik – **b**ul ag'ay!
**B**ulda g'amgu'n, **b**ir **b**axti'na zar shi'g'ar,
**B**axi't ne **b**ul:? – Son'g'i' demde tan'layg'a
**T**i'rs-**t**i'rs **t**amg'an ko'z jasi'nday tamshi' ma?!».

Demek, bunda alliteraciya «b» ha'm «t» seslerinen jasalg'an. Qosi'qta shayi'r «baxi't» degen tu'siniktin' mazmuni'n ashi'w ushi'n ha'm alliteraciyani' usi' so'zge uyqasti'radi'. Wol arqali' teren' mazmundi' payda yetedi.

Al, ha’zirgi a’debiy processte alliteraciyadan yen’ wo’nimli paydalani’p ju’rgen shayi’r B.Genjemuratov boli’p yesaplanadi’. Woni’n’ derlik ko’pshilik qosi’qlari’ ko’rkem qaytalawlar (assonans, alliteraciya, anaforalar)g’a quri’lg’an. Buni’n’ sebebi shayi’rdi’n’ milliy poeziyami’zdi’n’ sag’alari’n, wonda qollani’lg’an ko’rkemlik da’stu’rlerdi ha’m a’meliy, ha’m teoriyali’q jaqtan sezgirlik penen u’yreniwip wo’zlestiriwinde, wo’z u’stinde ko’p izleniwinde dep bilemiz. Demek, B.Genjemuratov ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’nda seslik qaytalawlardi’ jan’asha usi’llarda qollani’p ju’rgen novator shayi’r. Ma’selen, ha’zir biz keltirejaq bir g’ana mi’saldi’n’ wo’zinde seslik qaytalawlardi’n’ a’lwan tu’rlerin ko’riwimizge boladi’:

**Sh**o’plerde **sh**ap**sh**i’p **sh**alqayg’an,
**t**aslardi’ **t**u’r**t**ip **t**al**t**ayg’an,
**n**ishteri **n**ardi’ **q**ulat**q**an,
a**s**aw a**t**lardi’ **s**ulayt**q**an,
**t**u’bi joq **t**u’nnin’ **t**ilsimi,
**q**uyashli’ **k**u’nnin’ zer si’mi’ –
Shayanlari’m!
Bul – men:
A’zim Su’yin…
Taw **b**o’risimen,
**B**ul – sho’l **b**o’risi:
**B**axti’yar Genjemurat!
**B**izlerge tiymen’…
**B**izlerge tiymen’…[1]

B.Genjemuratovti’n’ «Za’min tawdag’i’ A’zim Su’yin ayti’mlari’» dep atalg’an qosi’g’i’nan ali’ng’an bul qosi’q qatarlari’nda alliteraciyani’n’ sheber u’lgisi jarati’lg’an. Teksttegi alliteraciyag’a tu’sken ha’r bir so’z wo’zinshe ko’rkemlik xi’zmet atqarg’an. Bunda shayi’r bir qosi’qti’n’ wo’zinde bir neshe seslerdin’ u’nlesligin payda yetiwge, yag’ni’y «sh», «t», «n», «s», «k», «q», «b» seslerin so’z

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 27-б.

woyi’ni’na tu’siriwge yerisken. Bunday sheber qaytalang’an seslik qaytalawlar B.Genjemuratov poeziyasi’nda ko’plep ushi’rasadi’ ha’m wol shayi’r poeziyasi’ni’n’ tiykarg’i’ stillik wo’zgesheliklerinin’ biri boli’p yesaplanadi’. Bul ma’seleni wo’z aldi’na arnawli’ u’yreniw da’wir talabi’ boli’p yesaplanadi’.

Biz bul bapta alliteraciyalardi’ qaraqalpaq poeziyasi’nda qollani’w jag’daylari’na toqtap wo’ttik. Yekinshi bapta bolsa, İ.Yusupov poeziyasi’nda qollani’lg’an alliteraciyalarg’a ko’rkem tallawlar isleymiz.

# II BAP. I.YUSUPOV POEZIYASI’NDA ALLITERACIYALARDI’ QOLLANI’W SHEBERLIGI

Wo’zbek a’debiyatshi’si’ T.Babaev «... qaytalaw, birinshiden, shi’g’armani’n’ quri’li’si’nda bekkem wori’n iyelegen bolsa, yekinshiden, ani’q bir estetikali’q-ideyali’q maqsetke jumsalg’an bolsa, wol ko’rkem su’wretlew qurali’na aylanadi’ – ko’rkem qaytalaw si’pati’nda u’yreniledi»[1] dep jazg’an yedi wo’z miynetinde. Bul talapqa shayi’r İ.Yusupov poeziyasi’nda qollani’lg’an alliteraciyalar toli’g’i’ menen juwap beredi.

İ.Yusupov poeziyasi’ni’n’ ko’rkem tilinde, uyqas sistemasi’nda seslik qaytalawlardi’n’ tutqan worni’ wo’z aldi’na. Ma’selen, M.Ma’mbetova «... uyqas problemasi’ndag’i’ sheberlik woni’n’ qosi’qlari’ni’n’ ha’r bir qatarlari’nan baslanadi’»[2] dep duri’s ko’rsetedi. Bul pikirge biz de qosi’lami’z. Sebebi, duri’si’nda da, İ.Yusupov poeziyasi’nda seslik qaytalawlar, a’sirese, alliteraciyalar qosi’qti’n’ ha’r bir qatari’nan ko’rinip turadi’. Ma’selen, woni’n’ «Xali’q so’zleri» dep atalg’an qosi’g’i’ so’zimizdin’ ko’rkem da’lili bola aladi’:

**Q**ori’**qq**anlar**g’**a **q**os **k**o’riner,
**Joldasli’q j**ol**d**a biliner.
**J**u’rgenge **j**ormal iliner,
**K**o’p **k**o’rersenn’ **j**u’re-**ju’**re[3].

Shayi’r teksttin’ ha’r bir qatari’nda alliteraciyani’ sheberlik penen paydalang’an, na’tiyjede qosi’qti’n’ ha’r bir qatari’nda seslik garmoniya payda bolg’an. Demek, bul alliteraciyalar tekstke zorlap «tan’i’lg’an» yemes. Bul ko’rkemlik wo’zgesheliklerdin’ ta’biyiy shi’g’i’wi’ni’n’ ja’ne bir sebebi, woni’n’ ko’rkem so’z wo’nerinin’ yertedegi sag’alari’, yag’ni’y folklor menen ti’g’i’z baylani’sli’li’g’i’nda. Ma’selen, qosi’qta «q», «k», «j» seslerinin’ ta’biyiy u’nlesligi

[1] Бобоев Т. Аты көрсетилген мийнет, 431-б.
[2] Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999, 67-б.
[3] Юсупов И. Өмир, саған ашықпан… Сайланды шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 113-б. Жумыста кейинги мысаллар ҳәм усы топламнан алынады. Сонлықтан жумыста кейинги мысаллардың тек бетлери қаўыстың ишинде келтириледи.

bizge folklorda ushi’rasatug’i’n naqi’l-maqallardi’ yesletedi. İzertlewshi M.Ma’mbetovani’n’ duri’s tasti’yi’qlap wo’tkenindey, «... qosi’q uyqaslari’n wo’zlestiriwde qaraqalpaq folklori’ İ.Yusupovti’n’ ta’jiriybe mekteplerinin’ biri boli’p yesaplanadi’»[1]. Demek, shayi’rdi’n’ alliteraciyag’a toli’ bul qatarlari’ wo’zinin’ teren’ xali’qli’q filosofiyag’a bayli’g’i’, folklorli’q da’stu’rlerdi sheber paydalani’wi’ menen uli’wmaxali’qli’q mu’lkke aylani’p ketken. Na’tiyjede wolar xalqi’mi’z arasi’nda ushi’rma so’zler si’pati’nda tani’li’p u’lgergen. Pikirimizdi usi’ qosi’qtag’i’ ja’ne bir shuwmaq penen dawam yettirsek:

**K**irpi**k**ten **k**ewilge jara
Tu’sse, wog’an ne shara?
**B**iyta’rtip wo’sken qi’z **b**ala
**B**a’le ta**b**ar **k**u’le-**k**u’le (114-bet).

Al, bul qatarlar shayi’rdi’n’ turmi’sti’ jekke baqlawlari’nan tuwi’lg’an danali’q pikirleri boli’p tabi’ladi’. Wonda ayti’lg’an filosofiyali’q, didaktikali’q woy-pikirler wo’zinin’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti menen de qunli’. Qosi’qti’n’ estetikali’q ta’sirshen’ligin bolsa, tekstte «k», «b» dawi’ssi’z sesleri ta’miyinlegen. Bul yekinshi ta’repi. Qosi’qti’n’ ha’r bir ba’nti teren’ filosofiyag’a, aqi’l-na’siyat so’zlerge toli’. To’mendegi ba’ntte bolsa, shayi’r ja’ne xali’qli’q filosofiyag’a, naqi’l-maqallarg’a mu’ra’jat yetip, wondag’i’ pikirlerdi wo’zinshe rawajlani’daradi’:

**Q**alawi’n tapsan’ **q**ar janar,
Ju’y**s**iz ur**s**an’ balta **s**i’nar,
**J**igit **j**aslay dilwar bolar,
Ma’jilis**k**e **k**ire-**k**ire (Sonda).

Bul ba’ntte birinshi qatari’nda «q» sesi, yekinshi qatari’nda «s» sesi, u’shinshi qatari’nda «j» sesi, to’rtinshi qatari’nda «k» sesi u’nlesip, wondag’i’ poetikali’q mazmunni’n’ tarti’mli’ beriliwine xi’zmet yetken. A’lbette, bul tekstte shayi’rdi’n’ jekke stiline ta’n ushi’rma so’zler de (ma’selen, yekinshi qatarda) ushi’rasadi’. Bul

[1] Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999, 68-б.

wo’z gezeginde shayi’r poeziyasi’ni’n’ didaktikali’q qa’siyetlerin belgilewshi faktorlardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

Bunday teren’ didaktikali’q woy-pikirler jazba a’debiyatta Shi’g’i’s klassikali’q poeziyasi’nda to’rtlik janri’nda ko’birek ushi’rasadi’ ha’m wol bul janrli’q formani’n’ tiykarg’i’ ko’rkemlik qa’siyetlerinin’ birinen yesaplanadi’. Bunda shayi’rdi’n’ qosi’qti’n’ si’rtqi’ formasi’ u’stinde wo’zinshe izlengenligi ha’m to’rtlik formasi’nan, ha’m alliteraciyali’q uyqaslardan paydalang’anli’g’i’nda ko’rinedi. Wol arqali’ shayi’r bir qosi’qti’n’ wo’zinde bir neshe forma u’stinde islew sheberligin ko’rsete alg’an:

**K**ewlin’nin’ wo’zinde quyash bolmasa,
**K**o’**k**tegi **k**u’n woni’ ji’li’tpa**s** ha**s**la.
**K**ewlin’ **s**uwi’q bol**s**a, i’**ss**i’larda da
**K**im**d**ur birewler**d**i ton’**d**i’ra baslar (250-bet).

yamasa:

A’zel**d**en **d**u’nyani’n’ i**s**i ara**sat**,
**P**a**t**sha-**p**at**sh**alarg’a kel**t**irer a**p**a**t**.
**T**ek seni a’yyemgi al**t**i’n **t**ax**t**i’n’nan
**T**aydi’rarli’q ku’sh joq go’zzal muhabba**t** (251-bet**)**.

Bul to’rtliklerde alliteraciya ko’rkemlik elementlerinin’ biri retinde qollani’lg’an. Bul wo’z gezeginde qosi’qtag’i’ teren’ filosofiyali’q mazmunni’n’ woqi’wshi’g’a ta’sirli jetiwine tiykar bolg’an.

Al, ko’rkem do’retiwshilikke bag’i’shlang’an to’mendegi filosofiyali’q qatarlar tek wo’zinin’ poetikali’q mazmuni’ menen yemes, wonda sheber qollani’lg’an alliteraciyalari’ menen de ta’sirshen’:

**Q**osi’**q** **k**o’**zsiz** shi’**qs**a – **k**o’**k**iregin’ so**q**i’r,
Miyden shi’qqan so’zdi jur**t** miyge **t**oqi’r,
Ko’zin’e sho’**p** **t**ire**p** wo**t**i’ri’**p** jazbasan’,
Jurt woni’ ko’zine sho’**p** tire**p** woqi’r... (253-bet).

Bul to’rtlikte alliteraciyalar ta’biyiy suli’wli’g’i’, wonnan payda bolg’an i’rg’aq jelisi menen ti’n’lawshi’g’a estetikali’q ta’sir qaldi’radi’. Sebebi, bunda birdey sesler ma’jbu’rlep yemes, poetikali’q woydi’n’ ta’biyiy ag’i’mi’ menen u’nlesken. Ha’m mazmundi’, ha’m formani’ bunday yetip sheber sa’wlelendiriw ha’mme shayi’rlardi’n’ qoli’nan kele bermeydi. Al, shayi’r bul to’rtiliginde shayi’rli’q degen u’lken wazi’ypani’ a’meliy jaqtan da’lillew arqali’ basqalarg’a woy saladi’, wo’z u’stinde islewge, izleniwge iytermeleydi.

İ.Yusupov poeziyasi’nda seslik uyqaslar woni’n’ yumorli’q mazmundag’i’ qosi’qlari’nda da ko’plep ushi’rasadi’. Ma’selen, shayi’r «Qi’rg’i’z qosi’g’i’» shi’g’armasi’nda tuwi’sqan qi’rg’i’z xalqi’na bolg’an dosli’q, su’yispenshilik sezimlerin alliteraciyalar ja’rdeminde folklorli’q ruwxta beredi:

**S**uw**s**ami’r **s**uwi’ teren’lep,
Wo’**te** almay **t**urman yelen’lep.
Wo’tkizip alsan’ bolmay ma,
**P**aya**p**i’l sali’**p** ha’melle**p**.

**S**uw**s**ami’r **s**uwi’ tarag’ay,
**K**u’y**d**ir**d**in’ **d**a’rt**k**e jaramay,
**P**aya**p**i’l ushi’n niyetle**p**,
**Q**i’ri’**q**ti’ri’p ju’rmen **q**ara**g’**ay.

**Q**o**q**ti’n’ basi’ **q**ol ji’l**g’**a,
**Q**ol ji’l**g’**adan **q**ol bi’l**g’**a.
**Q**ol bi’l**g’**asan’ barayi’n,
**Q**ostar yetip alayi’n (367-368 bb.).

Bizin’she, bul qosi’q bayanlaw ruwxi’ boyi’nsha xali’q qosi’qlari’na ju’da’ jaqi’n. Ha’m bunda dawi’ssi’z sesler qosi’qti’n’ ha’zil-da’lkek mazmuni’nan kelip shi’g’i’p, so’z woyi’ni’na tu’sip turg’anday. Wonda yumorli’q mazmun seslik qaytalawlar arqali’ yele de ku’sheytip berilip turg’anday. Birinshi shuwmaqta «s»,

«t», «p» sesleri, yekinshi shuwmaqta «s», «k», «q», «d», «t» sesleri, u'shinshi shuwmaqta «q», «g'» sesleri alliteraciyag'a aylang'an. A'sirese, son'g'i' u'shinshi shuwmaqta alliteraciya bari'nsha ku'sheytip berilgen.

Ja'ne de İ.Yusupovti'n' intim lirikada jazi'lg'an «U'yin'nin' arti'ndag'i' shoq kendirlikte» degen qosi'g'i'nda yumorli'q mazmun alliteraciya arqali' yele de ku'sheyedi:

**T**u'**st**e ja**ts**am uyqi' **b**ermedi shi'**b**i'n,
**Sh**ar**sh**i'n'di' **sh**e**sh**tin' de, **j**apti'n' **j**u'zime.
Sol **sh**ar**sh**i'n'nan **sh**i'qqan **sh**a**sh**i'n'ni'n' iyisin
Hesh bir a'**t**ir suwdan **t**appadi'm yele (231-bet).

Kosi'qti'n' birinshi qatari'nda «t», «s» ha'm «b» sesleri, yekinshi ha'm u'shinshi qatarlari'nda «sh», «j» sesleri, to'rtinshi qatari'nda ja'ne «t» sesi alliteraciyag'a ushi'rag'an. Bunda di'qqatti' ses u'nlesligi wo'zine tartadi' ha'm ayri'qsha ta'sirshen'lik payda boladi'.

Shayi'rdi'n' «Bes qonaq» qosi'g'i'nda da birdey seslerdin' u'nlesligi ha'm so'z woyi'ni'n, ha'm ha'zil mazmuni'n bildirip turg'anday. Ma'selen:

**K**elsin meyli, yerte **q**ona**q**, **k**esh **q**ona**q**,
**Q**ara**q**alpa**q**tan qapa bolmas **h**esh **q**ona**q**.
**K**elsin meyli altaw boli'p, won boli'p,
Te**k** kelmese **b**ol**g'**ani' **s**ol «**b**e**s** **q**ona**q**»... (154-bet).

Bunda qosi'qti'n' basi'nda ha'm qosi'qti'n' pu'tin qatarlari'nda sesler alliteraciyag'a ushi'rag'an. Bir jag'i'nan bul qosi'q dawi'ssi'z seslerdin' sheber u'nlesiwi, so'z woyi'ni'na uqsap ketiwi jag'i'nan qaraqalpaq folklori'ndag'i' jan'i'ltpashlarg'a uqsap ketedi. Shayi'r lirikali'q qaharmanni'n' tilinen ta'biyat qubi'li'slari'nan biri bolg'an «bes qonaq» (bes ku'n tu'setug'i'n suwi'q)qa baylani'sli' pikirlerin ta'sirli jetkerip beredi.

Shayi'rdi'n' grajdanli'q (azamatli'q) lirikada jazi'lg'an «Poshsha torg'ayg'a» dep atalg'an qosi'g'i'nda shi'g'armani'n' son'i' alliteraciyali'q qatarlar menen tamamlanadi'. Bunda ayri'qsha ma'ni bar. Sebebi, shayi'r usi' seslik qaytalawlar

arqali' tuwg'an jerge – Watang'a bolg'an muhabbat sezimlerin ayri'qsha ko'terin'kilik penen beredi:

**S**ayra, dosti'm, a'lhawada pi'rpi'rlap,
**S**az benen sa'wbetsiz da'wran boldi' ma.
**S**en ko'kte, men jerde bunshelli shi'rlap,
**S**u'ymegende, wonnan Watan boldi' ma! (148-bet).

Bunda alliteraciya qatar basi'nda (alliteraciyani'n' wo'zi qag'i'ydag'a muwapi'q, ko'birek qatar basi'ndag'i' so'zlerde, yag'ni'y ga'ptin' basi'nda keletug'i'nli'g'i' ayti'lg'an yedi – U.B.) qollani'li'p, sintaksislik usi'l (figura) gradaciyani'n' jasali'wi'na xi'zmet yetken. Demek, shayi'r poeziyasi'nda bir ko'rkem forma yekinshi bir ko'rkem formani' jarati'wda sheberlik penen qollani'lg'an. «Gradaciya – (lati'nsha – qradatio, a'ste-aqi'ri'n joqari'law; qradus basqi'sh, da'reje). 1) qanday da bir processtegi basqi'shlardi'n' izbe-izlik penen, a'ste-aqi'ri'nli'q penen bo'listirilip jaylasti'ri'li'wi'; 2) bir qatar so'zlerdin' ma'nilik ha'm emocionalli'q belgileri boyi'nsha ku'sheyiwinin' yaki ha'lsizleniwinin' ta'rtip penen jaylasti'ri'li'wi'nan turatug'i'n stilistikali'q figura»[1]. Demek, joqari'da shi'g'armani'n' aqi'rg'i' qatarlari'nda alliteraciya «so'zlerdin' ma'nilik ha'm emocionalli'q belgileri boyi'nsha ku'sheyiwinin'» ta'miyinleniwi ushi'n qollani'lg'an. Na'tiyjede shi'g'armani'n' poetikali'q mazmuni', emocionalli'q ta'sirshen'ligi ku'shli shi'qqan.

Qatar basi'nda keletug'i'n alliteraciyalar shayi'r İ.Yusupov poeziyasi'nda ko'plep ushi'rasadi'. Bug'an bir neshe mi'sallarda keltirip, da'lillewimiz mu'mkin. Mi'sali':

**T**i'nbay **j**amg'i'r **j**awar Pyarnu **j**oli'nda,
**T**og'ay **k**o'**k** plashi'n **q**i'mtar gu'rsinip.
**T**u'nerer ar**q**ani'n' **k**ewilsiz **k**u'ni.
**T**i'nbay **j**amg'i'r **j**awar Pyarnu **j**oli'nda (138-bet).

[1] Силтеме төмендеги мийнеттен алынды: Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 50-б.

Bul belgili qaraqalpaq shayi’ri’ Xojamurat Turi’mbetovti’n’ mezgilsiz wo’limine baylani’sli’ jazi’lg’an «Ti’nbay jamg’i’r jawar Pyarnu joli’nda» dep qosi’g’i’nan u’zindi. Qosi’qti’n’ bul shuwmag’i’ni’n’ ha’mme qatarlari’ birdey «t» sesi menen baslanadi’. Buni’n’ menen sheklenip qalmastan, shayi’r qosi’qta ha’r bir qatarda da seslik qaytalawlardi’ qollang’an. Demek, shayi’r bir teksttin’ wo’zinde alliteraciyani’n’ yeki tu’rinen, ha’m qatar basi’ndag’i’, ha’m qatarlar dawami’ndag’i’ sesler u’nlesliginen paydalang’an. Bul usi’l shayi’rdi’n’ alliteraciyalardi’ qollani’wdag’i’ wo’zine ta’n sheberligi boli’p tabi’ladi’.

Sonday-aq, qosi’q qatarlari’ni’n’ basi’nda kelgen alliteraciya shayi’rdi’n’ «Bilim bulag’i’» dep atalg’an Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ ashi’li’wi’nda (31-avgust, 1976-j.) woqi’lg’an qosi’g’i’nda da bar. Ma’selen:

**B**ul **b**ulaqtan ishiw nesip yetkenler,
**B**ilim shi’n’lari’na qoli’ jetkenler,
**B**izdey yer**t**ere**kt**e wo**q**i’p **k**et**k**enler,
**B**u’**g**in **k**o’zi **q**i’zi’p, **h**ayran bolaja**q**... (174-bet).

Qosi’qti’n’ to’rt qatari’ da «b» sesi menen baslang’an. Barli’q qatarlardag’i’ pikirler usi’ «b» u’nli dawi’ssi’z sesine bag’i’ndi’ri’lg’an. Bug’an qosi’qti’n’ atamasi’ ta’sir yetken bolsa kerek. Sebebi, qosi’qti’n’ atamasi’ni’n’ wo’zinde usi’ sestin’ alliteraciyasi’ bar. Shayi’r bar di’qqatti’ usi’ metaforali’q (awi’spali’) obraz bolg’an «bilim bulag’i’»na qarati’w ushi’n da bul jerde «b» sesi ayri’qsha xi’zmet atqari’p tur. Ja’ne de qosi’q qatarlari’nda «k», «q» h.t.b. sesler de alliteraciya bola aladi’.

Ha’r to’rt qatardi’n’ basi’nda kelgen seslik qaytalawlar shayi’rdi’n’ «Wa’siyat» syujetli qosi’g’i’nda wo’zinshe qollani’lg’an. Ma’selen:

**Q**araqalpaqlar sonnan baslap
**Q**alpag’i’ menen tuwi’li’pti’.
**K**o’p zamandi’ art**q**a taslap,
**Q**alpa**q** sheshpey juwi’ri’pti’ (127-bet).

Qosi’qta «q» ha’m «k» sesleri alliteraciyag’a ushi’rap, teksttin’ emocionalli’g’i’na ta’sir jasap tur. Bul yeki ses fonetikali’q jaqtan ha’r qi’yli’ ha’ripler bolg’ani’ menen, wolar arasi’nda seslik jaqi’nli’q seziledi. Sonli’qtan bul qosi’q qatarlari’ndag’i’ ses u’nlesligin alliteraciyag’a jatqarsaq boladi’.

İ.Yusupov poeziyasi’nda alliteraciyalar qosi’qti’n’ tek u’sh qatari’ yamasa yeki qatari’ni’n’ basi’nda qaytalani’w jag’daylari’ da ushi’rasadi’. Ma’selen, woni’n’ «Poshsha torg’aydi’n’ wo’limi» dep atalg’an joqlaw qosi’g’i’nda da’slepki u’sh qatardi’n’ basi’nda seslik qaytalawlar berilgen:

**J**ol **b**oyi’nda **b**ir tu’p juwsan tu’**b**inde
**J**ati’r, a’ne, **j**ayi’p **j**ansi’z qanati’n.
**J**an’a g’ana **k**en’ dalani’n’ **k**o’**g**inde
Sayrap turg’an yedi-aw la’zzetke bati’p.

Qosi’qti’n’ u’sh qatari’ da «j» u’nli dawi’ssi’z sesinen baslang’an. Avtor bar di’qqatti’ jan’a g’ana sayrap turg’an hawazi’ jang’a jag’i’mli’ qusti’n’ wo’limine baylani’sli’ wog’an teren’ qayg’i’ri’w, joqlaw sezimlerin usi’ seslik qaytalawlar yele de ku’sheytip, ta’sirli yetip bergen. Bunnan basqa qosi’qti’n’ tek basi’nda g’ana yemes, al qatar wortasi’nda, aqi’ri’nda qollani’lg’an alliteraciyalar da qosi’qti’n’ emocionalli’g’i’n artti’rg’an. Al, qosi’qti’n’ to’rtinshi shuwmag’i’nda tek yeki qatardi’n’ seslik uyqaslar menen baslani’wi’ ushi’rasadi’. Wonda da da’slepki yaki aqi’rg’i’ yeki qatar yemes, al wortasi’ndag’i’ yeki qatar, yag’ni’y qon’si’las jaylasqan yekinshi ha’m u’shinshi qatarlar seslik u’nleslikler menen baslang’an. Ma’selen:

Tuwg’an jerge ha’m wo’mirge biyikten
**H**a’r waq i’shqi’ yeter yedi jan’adan.
**H**a’tte u’rkekligin umi’ti’p kiyik te,
Si’yqi’rlani’p turg’anday bul namadan.

Bunda siyrek ushi’rasatug’i’n «h» sesi u’nlesip kelgen. Bul dadi’n’ alliteraciyalardi’ qollani’wdag’i’ wo’zine ta’n sheberliginin’ bir ko’rinisi dep yesaplaymi’z.

Bunday sheber seslik uyqaslar «Sho'girme» qosi'g'i'nda da ushi'rasadi':

Aldi'**n'**nan **q**arasa arti'**n'** awi'**q**tay,
**Q**aptaldan **q**arasam tu'rin' **g'**awi'**q**tay,
**Q**i'sta sa'wirlegen tu'yetawi'**q**tay
**S**amal **q**aqsa ha'n'**k**iyesen' **sh**o'**g**irme (47-bet).

Demek, bunda da wortada jaylasqan yeki qatardi'n' basi'ndag'i' so'zler birdey seslerden baslang'an. Wol qatarlarda da dawam yetken.

Shayi'rdi'n' «Wo'mir vekselleri» dep atalg'an filosofiyali'q mazmundag'i' qosi'g'i'ni'n' mi'na shuwmag'i'nda qollani'lg'an seslik qaytalawlar ko'rkem mazmunni'n' sa'wleleniwine, woni'n' ta'sirli jetkeriliwine sebepshi bolg'an:

**B**azi' waqta ji'lap turg'an balani'
**B**astan si'ypap jubatpastan kettin' sen.
**B**irewlerdin' kewlindegi jarani'
Ko'rip turi'p biypa'rwali'q yettin' sen (214-bet).

Kosi'qti'n' u'sh qatari'nda qaytalang'an «b» sesi a'piwayi' ta'kirarlani'p turg'an ses yemes. Shi'g'armada wog'an u'lken ko'rkemlik funkciya ju'lengen. Qosi'qta wo'mir qubi'li'slari'nan wo'zinshe juwmaq shi'g'ari'w bar. Demek, shayi'r qosi'qta ha'm mazmun, ha'm ko'rkem forma u'stinde izlengen. Buni'n' tiykari'nda jaqsi' bir ko'rkem wo'ner u'lgisi jarati'lg'an.

Ja'ne de tek da'slepki u'sh qatardi'n' basi'nda qollani'lg'an alliteraciyalardi' shayi'r poeziyasi'nda ko'plep ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Msa'selen:

**Q**a'weset bar: **q**ara**q**alpa**q**lar
**K**o'p uzamay **k**o'sher degen.
**Q**ayda**g'**i' bir **j**a**q**si' **j**a**qq**a
**B**ari'p qoni'**s** **b**a**s**ar degen.

Bul qosi'qti'n' da'slepki u'sh qatari' g'ana alliteraciya boli'p tur, yag'ni'y bunda «q», «k», «q» sesleri ga'ptin' basi'nda ta'kirarlani'p ga'pke ko'rkemlik bag'i'sh yetip tur. Seslik qaytalawlar ha'r bir qatardi'n' wo'zinde ja'ne qollani'lg'an.

Al, usi' qosi'qtan ali'ng'an to'mendegi mi'salda da'slepki yeki qatar birdey sesler menen baslang'an.

**B**ardur **b**oljaw qa'**b**iletim –
**B**ilgen na'r**s**em **s**ol **b**oladi':
**S**a'l azi'raq **sab**i'r yetin' –
**B**ul **j**er yele **z**or **b**oladi' (296-297 bb.).

Bunda «b» sesi birinshi, yekinshi qatardi'n' basi'nda qollani'lg'an. Ja'ne de bul ses bul qatarlarda toli'g'i' menen qaytalang'an. U'shinshi qatarda bolsa, «s» sesinin' alliteraciyasi' bar. To'rtinshi qatardag'i' «j» ha'm «z» sesleri bolsa, wo'z aldi'na alliteraciyani' du'zip tur. A'debiyatshi' B.Genjemuratov A'jiniyaz lirikasi'ni'n' poetikasi' ma'selesin izertlewge arnalg'an miynetinde shayi'r qosi'qlari'nda usi'g'an uqsas bir qatarda kelgen «s» ha'm «sh», «j» ha'm «sh», «q» ha'm «x», «k», ha'm «g», «q» ha'm «g'», «t» ha'm «d» h.t.b. seslerdi fonetikali'q jaqtan basqa-basqa ha'ripler bolsa da, alliteraciyalar dep yesaplaydi' ha'm woni' to'mendegishe mi'sallar menen da'lilleydi. Ma'selen:

**Q**ara **q**ashli' **X**iywali' **q**i'z.
(«Xiywali' qi'z»)
**Q**a'lem **q**asli' xosh **q**i'li'**q**li' ni**g**ari'm.
(«Nege kelmedi?»)[1].

Bul pikirge su'yenetug'i'n bolsaq, joqari'da keltirilgen qatarlardag'i' «j» ha'm «z» sesleri alliteraciya bola aladi'. Sebebi, bunda yeki sestin' wo'z-ara u'nlesiwi u'nli («j», «z») dawi'ssi'zlardi'n' sebebinen boli'p tur.

İ.Yusupovti'n' ha'mmege tani'mali' boli'p ketken «Ana ju'regi» qosi'g'i'ni'n' yen' son'g'i' shuwmag'i'nnda da birinshi, yekinshi, u'shinshi qatarlardi'n' basi'nda sesler u'nlesip kelgen:

**J**i'g'i'ldi' wol su'rnigip bosag'ag'a,
**J**u'rek tu'sti uwi'si'nan uli'ni'n'.
**J**erde **j**atqan **j**u'rek aytti': «Abayla,

---

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 62-б.

Awi’rmadi’ ma hesh jerin’, quli’ni’m?» (358-bet).

Bunda u’nli dawi’ssi’z «j» sesinin’ qaytalani’wi’ qosi’qti’n’ ko’rkemligin, emocional ta’sirshen’ligin, qosi’qti’n’ qulaqqa jag’i’mli’li’g’i’n ta’miyinlegen.

Bunnan basqa shayi’r qosi’qlari’nda shuwmaqti’n’ da’slepki yeki qatari’nda g’ana qollani’lg’an alliteraciyalar ushi’rasadi’.

Shayi’rdi’n’ «Qaraqalpaqti’ ko’p maqtama ko’zimshe» qosi’g’i’nda bolsa, milliy xarakterdi beriwde alliteraciyalardi’ ko’rkem formalardi’n’ biri retinde qatnaKsti’radi’. Mi’sali’:

**Q**ara**q**alpa**qt**i’ **k**o’p ma**qt**ama **k**o’zimshe,

**Q**arma**qq**a **t**ez **q**abatu**g’**i’n bali’**q**pan.

Ha’r kimnin’ bar a’**zz**i jeri wo’**z**inshe,

Shortani’mday an’**q**i’lda**q**law **x**ali’qpan (151-bet).

Bunda birinshi ha’m yekinshi qatarlarda «q», «k» sesleri alliteraciyag’a tu’sken. Soni’n’ menen birge bul sesler tek qatar basi’nda yemes, qatar wortasi’nda, a’qi’ri’nda da qaytalang’an. Ja’ne de u’shinshi qatarda «z» sesi, to’rtinshi qatarda «q», «x» sesleri wo’z-ara u’nlesip kelgen. Bul mi’salda ha’m qatar basi’ndag’i’ (birinshi ha’m yekinshi qatarlar), ha’m ha’r bir qatarlardi’n’ wo’zindegi alliteraciyani’n’ aralas qollani’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Ma’selen, joqari’da «Qaraqalpaqti’ ko’p maqtama ko’zimshe» qosi’g’i’nan keltirilgen shuwmaqti’n’ son’g’i’ qatari’nda «q» ha’m «x» sesleri ayti’li’wi’ jag’i’nan bir-birine jaqi’n bolg’an ha’ripler bolg’anli’g’i’ ushi’n alliteraciya boladi’, - dep yesaplasaq boladi’.

Qosi’qti’n’ da’slepki yeki qatari’ni’n’ basi’nda qollani’lg’an alliteraciyalar shayi’rdi’n’ joqari’da atap wo’tken «Poshsha torg’aydi’n’ wo’limi» qosi’g’i’nda da ushi’rasadi’. Qosi’qti’n’ wo’zi barli’g’i’ boli’p jeti shuwmaqtan ibarat bolsa, soni’n’ u’sh-to’rt shuwmag’i’ usi’nday seslik qaytalawlar menen baslanadi’. Mi’sali’:

**K**o’z asti’nda **q**ubi’lar **q**i’r do’gerek,

**K**en’ dalani’n’ **k**o’r**k**ine **k**o’z **q**amasi’p.

.........................................................

**S**i’n’qi’ldi’si’n **q**oyi’p mo’ldir bula**q** ta,

**S**elew **sh**o’pler **j**asi’l **sh**a**sh**i’n **j**ayg’anday (124-125 bb.)

Bul mi’sallar qosi’qti’n’ u’shinshi ha’m to’rtinshi shuwmaqlari’i’n’ da’slepki qatarlari’ boli’p tabi’ladi’. Birinshisi «k» sesinen baslang’an alliteraciyadan baslansa, yekinshisi «s» sesinen baslang’an ko’rkem qaytalawlardan ibarat. Qosi’q qatarlari’nda wonnan basqa seslerdin’ alliteraciyasi’ da sa’tli qollani’lg’an. Bunnan shayi’rdi’n’ ko’rkem tekst u’stinde islegenligi ko’rinip tur.

Ja’ne de:

**B**ilemiz ag’ayin degen kisin,
**B**azda jani’n sag’an suwi’rp berer.
Qa’pelimde **s**a’l na’r**s**ege i**s**inip,
G’i’ybat “**b**es **b**iyday”i’n quwi’ri’p **b**erer (30-b.).

degen mi’salda ga’ptin’ baslari’nda «b» sesinin’ alliteraciyasi’n ushi’ratami’z. Al, son’g’i’ u’shinshi ha’m to’rtinshi qatarlarda «s» ha’m «b» seslerinin’ alliteraciyasi’n yesitemiz.

Xalqi’mi’z arasi’nda ken’ tarali’p ketken to’mendegi qosi’q qatarlari’ni’n’ ju’reklerden bekkem wori’n iyelewinde poetikali’q formani’n’ da xi’zmeti ayri’qsha. Mi’sali’:

**B**ir jag’i’m suw, **b**ir jag’i’m sho’l **b**olmasa,
**B**eyish quri’p **b**ersen’ de men **b**armayman.
Gu’l ha’m juwsan iysi an’qi’p turmasa,
Wol jerde men qaraqalpaq bolmayman (154-b.)

Bunda da da’slepki yeki qatardi’n’ basi’ndag’i’ so’zler alliteraciya menen baslang’an. «B» sesi qosi’q qatarlari’ni’n’ basi’ndag’i’ so’zlerde g’ana qollani’li’p qoymastan, son’g’i’ so’zlerde de ta’kirarlani’p kelgen. Bul wo’z gezeginde ko’rkem teksttin’ muzi’kali’li’g’i’n, hawazli’li’g’i’n ta’miyinlegen. Sonli’qtan bolsa kerek, bul ko’rkem qatarlar xalqi’mi’z arasi’nda tez yadlani’p, tarali’p ketken. Demek, shayi’r qosi’qta «b» u’nli dawi’ssi’z sesine ayri’qsha poetikali’q wazi’ypa ju’klegen.

«At za’n’gisi zi’n’i’ldar...» qosi’g’i’nda bolsa, alliteraciyani’n’ ha’r yeki qatardan jupkerlesip qollani’lg’ani’n ko’remiz:

**T**arlan shabi’s **t**alwas ye**t**ip **t**an’larda,

**T**an’ **s**amali’ woynap **s**uli’w jallarda,

**B**esik**t**ey **t**er**b**elgen alma ko’z atlar

**B**arar yedi **g**u’wlep **g**u’zar jollarda (210-b.)

Bul qatarlar bizge ja’ne folklorli’q u’lgilerdegi alliteraciyani’ yesletedi. Tekstte ha’r yeki qatardag’i’ alliteraciya i’rg’aqti’n’ ta’biyiy jelisin payda yetedi. Demek, bunda «t», «b» dawi’ssi’z sesleri tek qosi’q qatarlari’nda so’zlerdin’ basi’nda yemes, al tekst ishindegi keyingi so’zlerde de ko’rkem ta’kirarlani’p seslik uyqaslardi’ payda yetken. Sonli’qtan da, qosi’qta jag’i’mli’ i’rg’aq, estetikali’q ta’sirshen’lik bar.

Al, to’mendegi mi’salda, kerisinshe, qosi’q shuwmag’i’ni’n’ son’g’i’ u’sh qatari’ni’n’ birdey seslerden baslani’wi’ ko’rinedi:

**J**urttan arti’q **j**asayman dep yeger sen,

**T**a’sil qi’lsan’, wo’zin’ azap shegersen’.

**T**u’lkinin’ izinen **t**azi’ jibersen’,

**Tutt**i’rmay, qashi’ra berer bu du’nya (28-bet).

İ.Yusupovti’n’ «Bu du’nya» dep atalg’an filosofiyali’q mazmundag’i’ bul qosi’g’i’nda son’g’i’ u’sh qatardi’n’ basi’ «t» sesi menen baslang’an. Bunda «ta’sil», «tu’lki», «tazi’», «tutti’rmay» degen so’zlerdi baylani’sti’ri’w ushi’n ha’m «t» sesi u’nleslikke ushi’rag’an. Tekstte bul so’zlerdin’ ma’nilik jaqtan qollani’li’wi’ arqali’ shayi’r du’nya, woni’n’ yalg’anshi’li’g’i’ haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q pikirlerin bermekshi bolg’an. Yeger teksttin’ astarli’ ma’nisin shag’atug’i’n bolsaq, bul wo’tkinshi du’nya – «tu’lki», woni’ «tazi’ boli’p quwsan’ da jetkermeydi». Mine, usi’ tu’sinikti beriwde usi’ birdey sesler menen baslanatug’i’n so’zler kerek bolg’an. Ha’m wol tekstten wo’zinin’ kerekli wornqn tapqan. Sonday-aq, bul shuwmaqti’n’ birinshi qatari’nda «j» sesi de alliteraciya si’pati’nda qollani’lg’an.

Al, to’mendegi shuwmaqta tek son’g’i’ u’sh qatar birdey seslerden alliteraciyalar du’zgen. Ma’selen:

Almameken dedim uwi’lji’p pisken,

**B**oyi’nan i’shqi’ni’n’ sa’wiri yesken,

**B**ilektey **q**os **b**uri’m bo’**k**sege tu’s**k**en,

**B**ir **q**osa ju**pq**asi’n **b**as**q**a shal**g’**an **q**i’z (83-bet).

«Talli’ jag’i’stag’i’ yeske tu’siriwler» degen qosi’g’i’nan keltirilgen bul shuwmaqta «b» sesinin’ alliteraciyasi’ qi’z balani’n’ portretin jarati’w ushi’n qollani’lg’an. Bunda ko’rkem su’wretlew qurali’ si’pati’nda alliteraciya ko’rkem su’wretlewdin’ basqa da (ten’ew, metonimiya) tu’rleri menen qatar qollani’li’p, teksttin’ ko’rkemligin asi’rg’an.

Bunday suli’w alliteraciyalar shayi’rdi’n’ «Sallana-dolana barar bir ja’nan...» qosi’g’i’nda da sheber paydalani’lg’an. Ma’selen:

Jigit ko’rdi ani’q anaday jerden:

**Q**umi’ri’s**q**a su’wretli na’zi**k** bel ye**k**en.

**Q**i’nama ba’shpen**t**i **t**amami’ zerden,

**Q**i’z ye**k**en a’ndamli’ «**k**elsen’-**k**el» de**g**en (118-bet).

Shayi’r bunda qi’zdi’n’ portretin jasaw shuni’ alliteraciyalardan sheberlik penen paydalang’an. Seslik qaytalawlar basqa da ko’rkem su’wretlew qurallari’ menen qari’si’p ketip, poetikali’q mazmunni’n’ suli’wli’g’i’n ta’miyinlep ketken. Bul ko’rkem su’wretlewler arqali’ woqi’wshi’ni’n’ barli’q di’qqati’ su’wretlenip ati’rg’an qi’zg’a «ko’shedi». Shayi’r bunda ishki sezimlerdi gradaciya (kem-kem ku’sheytip beriw) usi’li’n usi’ alliteraciyali’q qatarlar menen baslag’an. Ma’selen:

**Q**i’zi’l **k**o’yle**k** lawlap **b**arar **b**urali’p,

**K**im **k**o’r**g**en **b**uni’n’**d**ay suli’w**d**i’ **b**uri’n!

Nazli’ ayaqlardan «ju’r» dep sorani’p,

Wo’**ksh**eni **q**am**sh**i’lap **b**arar **q**os **b**uri’m (118-bet).

Bul so’z benen sali’ng’an su’wret! İntim lirikani’n’ a’jayi’p u’lgisi. İshki sezimlerdi bunnan arti’q beriw mu’mkin yemes. Ha’tteki, «wo’ksheni qamshi’lap barati’rg’an qos buri’m»g’a (janlandi’ri’wg’a) woqi’wshi’ bar i’qlasi’ menen isenedi, suli’w sezimlerge beriledi. A’lbette, bul poetikali’q mazmundi’ beriwde alliteraciyalardi’n’ tutqan worni’ u’lken. Qosi’qti’n’ joqari’dag’i’ qatarlari’na

ko'teriletug'i'n bolsaq, bastag'i' yeki qatar seslik qaytalawlar menen baslang'an. Woni'n' u'stine qosi'qti'n' ha'r bir qatari' seslik qaytalawlarg'a bay.

Sonday-aq, shayi'r poeziyasi'nda son'g'i' yeki qatari' birdey seslerden baslang'an ha'm alliteraciyalar da bar. Ma'selen:

Qayri'li'p ket, yesken samal,
Senin' mag'an keregin' bar!
**Sh**ad wo'mirden **sh**adli' nama
**Sh**er**t**sem degen **t**ilegim bar (72-bet).

Bunda qosi'qti'n' keyingi yeki qatari' birdey seslerden baslang'an. Na'tiyjede tekstte pikirdin' ko'rkemligin ta'miyinlegen.

Ja'ne de usi'g'an uqsas mi'sal shayi'rdi'n' «Seksewil» qosi'g'i'nda da ushi'raydi':

**Q**a**q**shi'yi'p **qi'yi'nli'qqa** to's **k**eriwli,
Bilmey**di** qula **d**u'z**d**e seskeniw**d**i.
**S**almag'i' mi'**s**ali' pil **s**u'yegindey,
**S**u'yemen sho'l perzenti **s**ek**s**ewildi (86-bet).

Bul qosi'q qatarlari'nda son'g'i' yeki qatari'ni'n' basi'nda «s» sesinin' alliteraciyasi' bar. Soni'n' menen birge birinshi qatarda «q» sesinin', yekinshi qatarda u'nli «d» sesinin' alliteraciyasi' ushi'raydi'. Bul wo'z gezeginde seslik uyqaslardi' payda yetken. Demek, İ.Yusupovti'n' poeziyasi'nda, M.Ma'mbetovani'n' duri's atap wo'tkenindey, ha'r bir qatari'nda seslik uyqaslardi' sheber paydalandi'.

Bunday suli'w qatarlar avtordi'n' «Tashkentli doslari'ma» degen qosi'g'i'nda da ushi'rasadi':

Janlari'mi'z jaqi'n, kewlimiz i'rza,
Ko'zdin' qarashi'g'i'n girbin' shalmag'ay.
**T**ashkentke **t**abani' **t**iyse Jolmi'rza,
**T**ap**t**i'rmas **g**u'l ishine **t**u's**k**en almaday (154-bet).

Qosi’qti’n’ son’g’i’ yeki qatari’ndag’i’ alliteraciya woqi’wshi’da estetikali’q sezimlerdi woyati’wg’a tu’rtki boladi’. Wondag’i’ jag’i’mli’ ha’zil woqi’wshi’g’a jag’i’mli’ formada bari’p jetedi. Demek, İ.Yusupov qosi’qlari’ni’n’ ha’r bir qatari’nda alliteraciyalar toli’p ati’r.

Al, shayi’rdi’n’ g’a’zzel formasi’nda jazg’an «Ba’ha’r ha’m sen» qosi’g’i’ni’n’ ha’r bir ba’ntinde so’zlerdin’ seslik u’nleslikler menen baslani’w jag’daylari’ bar. Ma’selen:

**S**u’y**s**en’, jaq**si**’lar ulug’i’ men bolarman,
**S**u’yme**s**en’, jigit quni’g’i’ men bolarman.
**S**en biydar jatsan’ aqsham i’shqi’ Furxati’nan,
**S**i’**g’**alar aydi’n’ **s**i’ni’**g’**i’ men bolarman (161-b.).

Muhabbat temasi’nda jazi’lg’an bul qosi’qta «s» sesine ayri’qsha ko’rkemlik wazi’ypa ju’klengen. Bul sestin’ qatar basi’nda, ha’tte, wortasi’nda da qari’si’p qollani’li’wi’ ishki sezimlerdin’ ta’sirli beriliwine sebepshi bolg’an.

İ.Yusupov poeziyasi’nda ha’r bir qatarda qollani’lg’an seslik qaytalawlar ju’da’ ko’plep ushi’rasatug’i’nli’g’i’n ayti’p wo’timiz kerek. Joqari’da keltirip wo’tkenimizdey, seslik qaytalawlar, wolar payda yetken seslik uyqaslar İ.Yusupov qosi’qlari’ni’n’ ha’r bir qatari’nda ushi’rasadi’. Ma’selen, woni’n’ ma’sna’wiy (yekilik) formasi’nda jazg’an «Wo’zbek sazi’» qosi’g’i’nda bunday ko’rkem qatarlardi’ ko’plep tabi’w mu’mkin:

Ju’rek **t**ari’nan i**s**lengen a’**s**bap **t**ar ma deymen,
**S**azdi’n’ yen’ na’fi**s** ag’lasi’ wo’**z**bekte bar ma deymen.

**T**a**x**iyan’di’ she**kk**ege **q**oyi’p, sher**t**esen’ **t**ardi’, go’zzal,
Shert, biraq menin’ jani’ma bunsha da’rt salma deymen.

**S**u’yri**k** **s**aw**s**a**q**ta **q**i’ya**g’**i’n’ ha’r tiy**g**ende shar**x**ana**g’**a,
Ta**r** yemes, **j**u’**r**ek-**j**ani’m**d**i’ **t**i’rnap **t**u**r**a**r** ma **d**eymen.

**D**a’r**t**in’e **d**a’rman **t**appay, **q**a**sh**sam **d**ep, **q**a**sh**almayman,
Alti’ jup **s**i’rli’ du**z**ag’i’n’ mudam tayar ma deymen.

**T**i**tr**e**t**pey **q**a**q** **t**a**r**i’n’di’, jani’m «**T**a’nawva**r**» go’zzal,
Bunshelli **t**i**t**ire**t**ip meni, jazi’g’i’m bar ma deymen (50-b.).

Qosi’qta mazmun ha’m formani’n’ ayri’qsha sheberlik penen aji’ralmas baylani’sta berilgenliginin’ gu’wasi’ bolami’z. Shi’g’armada «mazmundi’ formadan, formani’ mazmunnan aji’rati’p bolmag’anli’g’i’» (V.G.Belinskiy) si’yaqli’ bul qosi’qta da sol halatti’ an’laymi’z. A’debiyatshi’ T.Babaev «Seslerdin’ qaytalani’wi’, fonetikali’q usi’llar woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n tartadi’ ha’m woni’ a’hmiyetli bir na’rsege qaratadi’, poetikali’q bayanlawdi’ ko’rkem yetedi»[1] dep jazg’an yedi. Duri’si’nda da, bul qosi’qta alliteraciya woqi’wshi’ di’qqati’n tarli’ saz targ’a qarati’w ushi’n ko’rkemlik xi’zmet atqaradi’. Ma’selen, qosi’qti’ ko’rkemlep woqi’w arqali’ ko’z aldi’mi’zg’a wo’zbek sazi’ – tambur obrazi’ keledi. Sebebi, qosi’qta tiykarg’i’ di’qqat sazli’ a’sbap targ’a qarati’lg’anli’qtan, «t» sesi bir neshe jerde qayta-qayta ta’kirarlang’an. Qosi’qta sesler insanni’n’ sezimlerine tu’rtki boli’w ushi’n atayi’ qollani’li’p turg’anday. Al, wonnan shi’qqan jag’i’mli’ hawazdan tuwi’lg’an hawazdi’ bolsa, «s» sesiinn’ alliteraciyasi’ ta’miyinlep turg’anday. Sonday-aq, qosi’qta «x», «k», «q», «g’», «d» sesleri ha’m wonsha ushi’rasa bermeytug’i’n «r» (dirildewik) sesinin’ qaytalani’wi’ ayri’qsha bir poetikali’q formani’ payda yetip, woqi’wshi’ni’n’ i’qlasi’n wo’zine tartadi’. Bul yekiliklerdegi ha’r bir qatar alliteraciyani’n’ wo’zinshe sheber isletiliwi menen ayri’qsha qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Bul ko’rkem qaytalawlar ko’rkem shi’g’armada alliteraciyani’n’ tek formali’q a’hmiyetke yemes, al mazmun tasi’wshi’li’q qa’siyetke de iye yekenligin fakt si’pati’nda da’lilleydi. Demek, alliteraciya usi’li’n ko’rkem a’debiyatta forma quwi’wshi’li’q dep yemes, al ma’ni tasi’wshi’li’q qa’siyetke iye ko’rkem usi’l si’pati’nda da tani’w kerek.

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 455-б.

Wo’zi yeki qatardan quralg’an yekilik qosqq formasi’nda seslik uyqaslardq sheber qollani’w İ.Yusupovti’n’ watan temasi’nda jazi’lg’an «Qara tal» qosi’g’i’nda da ushi’rasadi’. Ma’selen,

Suw boyi’nda shay**q**ati’l**g’**an jani’m **q**ara tal,
Ma**g’**an balzam, **s**en **t**i’mi’**qt**a **sh**a**q**i’rg’an **s**amal;

**K**esh**k**i in’irde ju**g’**i’rlas**q**an **sh**o**q** **sh**i’m**sh**i’**q**lardi’n’
Ber**g**en ma**g’**an **sh**o**q** minezin, **sh**o**q** sayrawlari’n.

**S**amal tu**rs**a, **s**en bi**r** tegi**s** i’**rg’**ali’p woyshan’,
**S**al**d**amli’raq woy woylaw**d**i’ u’yrettin’ mag’an… (44-b.)

Demek, qosi’q ba’ntlerinde ha’r bir qatarda seslik qaytalawlar qatnasqan. Birinshi ba’nttin’ birinshi qatari’nda «q» sesi, yekinshi qatari’nda «g’», «s» sesleri, yekinshi ba’nttin’ birinshi qatari’nda «k», «q», «sh» sesleri, yekinshi qatari’nda «g», «g’», «sh» sesleri, u’shinshi ba’ntinin’ birinshi qatari’nda «s» «r» sesleri, yekinshi qatari’nda «s», «d» sesleri qaytalani’p, qosi’qta seslik uyqaslardi’ payda yetken. Qosi’qtag’i’ watansu’yiwshilik sezimleri usi’ seslerdin’ ko’rkem ta’kirarlani’wi’nan ju’da’ ta’sirshen’ jetkerip berilgen.

Shayi’r poeziyasi’nda wo’z worni’nda qollani’lg’an, ta’biyiy suli’wli’g’i’ menen woqi’wshi’ ha’m ti’n’lawshi’da estetikali’q ta’sir qaldi’ratug’i’n ko’rkem alliteraciyalar barshi’li’q. Ma’selen, shayi’rdi’n’ «Wo’mir, sag’an ashi’qpan...» saylandi’ shi’g’armalari’ toplami’ndag’i’ «Wa’siyat», «Tallar japi’raq to’kti, uri’qlar quwrap...», «Qazaqda’rya» h.t.b. ko’plegen qosi’qlari’nda alliteraciyalar ha’r qatarda jiyi qaytalani’p kelip qosi’qta forma suli’wli’g’i’n payda yetken. Mi’sali’:

**Q**a**t**i’n yer**kekt**in’ **t**as **q**ayra**g’**i’,
Wol **q**ayrasa, **q**azan pi’sha**q** **q**i’l **q**awar.
An’**g**o’de**k** yer **g**iyne tawi’p **q**ayda**g’**i’,
**T**elpe**g**in **t**eris **k**iyi**p**, iy**t** boli’**p** **q**a**b**ar (30-b.).

Qosi’qta alliteraciya sheberlik penen qollani’lg’an. Qi’zi’qli’ jeri sonda, alliteraciyalar ha’r qatardag’i’ so’zlerge baylani’sli’ qollani’lg’an. Ma’selen, birinshi qatarda «qati’n» so’zin «qayrag’i’» so’zine, «qayrasa» so’zin «qazan-pi’shaq qi’l qawar» ga’pine, to’rtinshi qatarda «telpegin teris kiyip» so’z dizbeklerin «iyt boli’p qabar» so’z dizbeklerine ma’nilik-ekspressivlik jaqtan baylani’sti’ri’w ushi’n qollang’an. Bunda shayi’r turmi’sli’q qubi’i’lslardi’ su’wretlewde xali’q danali’g’i’nan sheber paydalang’an. Uli’wma, ha’r bir qatardag’i’ alliteraciyag’a ushi’rag’an so’z ma’nilik-ekspressivlik boyawi’ menen berilgen. Yamasa usi’ qosi’qta ushi’rasatug’i’n:

**Q**ar**g’**a «**g’**a**q**» de**g**ennen **q**i’s tu’**se** **q**oyma**s**...

degen alliteraciyag’a toli’ qatarlarda shayi’rdi’n’ wo’zinin’ wo’mir filosofiyasi’nan tuwi’lg’an qatarlar bar. Usi’ bir qatardi’n’ wo’zinde shayi’r ko’p ma’ni beriwge yerisedi. Woqi’wshi’da turmi’s haqqi’nda teren’ woylani’wg’a iytermeleydi, wo’mir qubi’li’slari’nan tiyisli juwmaqlar shi’g’ari’wg’a bag’darlaydi’. Al, bunda alliteraciya ko’rkem mazmundi’ jetkeriwde ko’rkem forma xi’zmetin atqaradi’.

Shayi’rdi’n’ «Kegeyli» qosi’g’i’ni’n’ qatarlari’nda da alliteraciyalar ishki sezimlerdi beriwde ko’rkemlik xi’zmet atqari’p ketken. Lirika janri’ni’n’ wo’zi ishki sezimlerge quri’lg’an a’debiy shi’g’armani’n’ bir tu’ri bolg’anli’qtan, tek so’zler yemes, ha’tte, sesler de mazmundi’ jetkeriwde ko’rkemlik xi’zmet atqari’p ketedi. Ma’selen:

**K**ewlim **k**o’terin’**k**i **k**ir**g**endey ba**g’q**a
Tol**q**i’nla**s**i’p, halla**s** ur**g’**an **Keg**eyli.
Aydi’ni’n’da **sh**or**sh**i’**g’**an a**q** **sh**aba**qq**a
Men **q**i’zi’**g’**i’**p** **q**ara**p** turman, **Keg**eyli (50-b.)

«Qazaqda’rya» qosi’g’i’nda da seslik qaytalawlardi’n’ usi’nday tu’ri bar. Mi’sali’:

**H**a’r **t**u’p **t**ere**k**, **h**a’r u’y bunda
Suw**g’**a ba**qq**an, **Q**aza**q**da’rya,

**Q**ara**q**alpa**qt**i'n' **t**ariyxi'nda
A**tq**a shi'**qq**an **Q**aza**q**da'rya (132-b.).

Al, bul qosi'qta shayi'r seslik uyqaslardi' so'zlerdin' wo'zlerinen izleydi. Ma'selen, bunda «Qazaqda'rya» so'zinen basqa so'zlerdi uyqasti'ri'w ushi'n alliteraciyalardan paydalani'lg'an.

«Ayt sen A'jiniyazdi'n' qosi'qlari'nan!» qosi'g'i'nan ali'ng'an to'mendegi qatarlardi'n' xalqi'mi'z yadi'nda teren' yadlani'p qali'wi'nda seslik qaytalawlardi'n' worni' ayri'qsha dep bilemiz. Karayi'q:

**S**a**z**i'n **s**amal yadlap, **s**o'**z**in yel bilgen
Bir shayi'r **d**u'nyag'a kel**d**i **d**e ke**tt**i.
**T**al ar**t**i'nan **t**uw**g'**an ay**g'**a **t**elmir**g**en
**B**ir **d**il**b**ar **t**u'sime yen**d**i **d**e ke**tt**i (158-b.).

Qosi'qti'n' ha'r bir qatari'nda qollani'lg'an alliteraciya shi'g'armada berilip ati'rg'an mazmunni'n' teren'ligin jetkeriw ushi'n da ko'rkemlik jaqtan qaytalang'an. Bul qosi'qta da alliteraciya ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm usi'llari' menen qatar qollani'lg'an. Ma'selen, qosi'qta janlandi'ri'w si'yaqli' su'wretlew qurali'nan («A'jiniyaz shayi'rdi'n' so'zlerin samal yadlap ali'wi'»), ko'rkem su'wretlew usi'llari'nan gradaciya qollani'lg'an.

Uli'wmalasti'ri'p aytqanda, İ.Yusupov poeziyasi'nda alliteraciyalar ko'rkemliktin' sha'rtli elementlerinin' biri si'pati'nda qatnasadi'. Shayi'r poeziyasi'nda alliteraciyani'n' bir neshe tu'rlerin: qatar basi'ndag'i' alliteraciyani', qatar aqi'ri'ndag'i' (qosi'mtalardi'n') alliteraciyasi'n ha'm ha'r bir qatarda qollani'lg'an alliteraciyalardi' ko'rdik. Wolardi' bilim da'rejemizdien kelip shi'g'i'p, u'yreniwge ha'reket yettik.

## JUWMAQLAW

XX a’sir bayteregi, ulli talant iyesi İbrayi’m Yusupovti’n’ poeziyasi’ bu’gingi ku’ni tek qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ biyiginen yemes, al du’nya poeziyasi’ni’n’ ken’liklerinen wori’n alg’an ta’kirarlanbas poetikali’q do’retpeleren yesaplanadi’. Sebebi, İ.Yusupov poeziyasi’ wo’zinin’ ko’rkemlik wo’zgeshelikleri, bay ko’rkemlik da’stu’rleri menen tek qaraqalpaq a’debiyati’nda yemes, du’nya a’debiyati’nda ta’kirarlanbas ko’rkem du’nyani’n’ biri boli’p qala beredi. Biz shayi’r poeziyasi’nda ko’rkem mazmundi’ ta’sirli jetkeriwde alliteraciyalardi’n’ tutqan worni’n u’yreniw arqali’ to’mendegi juwmaq ha’m na’tiyjelerge keldik:

– Alliteraciya, yag’ni’y dawi’ssi’z seslerdin’ u’nlesligi a’debiy shi’g’armada ko’rkem til ha’m qosi’q quri’li’si’ ma’selelerine baylani’sli’ qollani’latug’i’n tu’sinik. Wol qaraqalpaq poeziyasi’nda, uli’wma, tu’rkiy poeziyada yerteden bar ko’rkem usi’llardi’n’ biri boli’p yesaplanadi’;
– Qaraqalpaq poeziyasi’nda alliteraciyalardi’n’ ko’rkemlik sag’alari’ tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ yertedegi jazba yesteliklerinde, qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retpelerinde, XIV-XVI a’sirlerdegi ji’raw-shayi’rlar do’retiwshiliginde, XIX a’sirdegi qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda ushi’rasadi’;
– XX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda alliteraciyalar A.Dabi’lov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Ma’tmuratov, K.Raxmanov, Sh.Seyitov, J.İzbasqanov, B.Genjemuratov ha’m tag’i’ basqalardi’n’ do’retiwshiliginde sheber qollani’lg’an;
– A’sirese, ko’rkem shi’g’arma tilin bayi’ti’wda, qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ qosi’q quri’li’si’n rawajlandi’ri’wda shayi’r İ.Yusupovti’n’ ko’rkemlik izlenislerinin’ worni’ ayri’qsha;
– Birinshiden, shayi’r poeziyasi’nda alliteraciyani’n’ bir neshe tu’rlerin: qatar basi’nda, aqi’ri’nda ha’m ha’r bir qatarda qollani’lg’an

alliteraciyalardi’ ushi’ratti’q. A’sirese, alliteraciyalar woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n ko’rkem teksttegi mazmung’a ayri’qsha qarati’w ushi’n sheberlik penen qollani’lg’an;

– Yekinshiden, İ.Yusupov poeziyasi’nda «q», «t», «s» u’nsiz dawi’ssi’zlari’ni’n’ alliteraciyasi’ jiyi qollani’lg’an. Bul dawi’ssi’z sesler, uli’wma, qaraqalpaq poeziyasi’nda, alliteraciya du’ziwde jiyi qollani’ladi’;

– U’shinshiden, İ.Yusupov do’retiwshiliginde «b», «j», «d», «r» u’nli dawi’ssi’zlari’ni’n’ u’nlesligi de isletilgen. Alliteraciyani’n’ bunday tu’ri, uli’wma, qaraqalpaq poeziyasi’nda siyrek ushi’rasadi’. Bunday alliteraciyalar shayi’rlardi’n’ jekke stillik izleniwshiligi menen baylani’sli’ kelip shi’g’adi’. Ma’selen, bunday seslik u’nlesliklerdi XIX a’sirde A’jiniyaz, a’sirese, Berdaq shi’g’armalari’nda, XX a’sir poeziyasi’nda Sh.Seyitov do’retiwshiliginde ko’riwge boladi’;

Juwmaqlap aytqanda, alliteraciyalar shayi’r İ.Yusupov poeziyasi’ni’n’ ko’rkemligin ta’miyinleytug’i’n ko’rkemlik elementlerdin’ birine aylani’p u’lgergen. Qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ formali’q ha’m stillik rawajlani’wi’nda bul seslik qaytalawlardi’n’ ko’rkemlik a’hmiyeti u’lken.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR

1. Алимбеков А. Ибрайым Юсупов поэзиясының көркемлик сағалары // Еркин Қарақалпақстан, 2009, № 81 (18763), 7-июль.
2. Алпамыс. Хожамберген Нияз улы – Өгиз жыраўдан жазып алған Қ.Айымбетов. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.
3. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
4. Ахметов С., Есенов Ж. Әдебияттаныў. Хрестоматия. Нөкис, «Билим», 1994.
5. Ахметов С., Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1992.
6. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
7. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1975.
8. Бекбергенова З. Ҳәзирги заман қарақалпақ поэзиясында халық аўызеки поэтикасының дәстүрлери (70-80 жыллар). Канд. дисс. Нөкис, 1995.
9. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «&збекистон», 2002, 455-бет.
10. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы (көркем сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары, қосық қурылысының базы бир мәселелери). Нөкис, «Билим», 1997.
11. Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012.
12. Есемуратов Г. Ибрайым Юсуповтың поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1976.
13. Есенов Ж. Поэзия жулдызы. Нөкис, «Билим», 2003.

14. Ja'rimvetov Q. A'debiyattani'wdan sabaqlar. Qoqi'w qollanba. Nokis, «Qaraqalpaqstan», 2012.
15. Қарақалпақ фольклоры. VI том. Қырық қыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.
16. Мақсетова Ж. И.Юсуповтың поэтикалық шеберлиги. Канд. дисс. Нөкис, 1991.
17. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992.
18. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
19. Мәмбетова М. Ибрайым Юсупов поэзиясының қосық қурылысы. Канд. дисс. Нөкис, 1999.
20. Мәтмуратова Р. Шайыр лирикасында аллитерация (Б.Генжемуратов лирикасы мысалында) // «Устаз жолы», 2008, 26-июль.
21. Нарымбетов Ж. Саҳра гүли. Илимий-көркем очерк. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001.
22. Литературный энциклопедический словарь. Под общей редакцией И.М.Кожевникова и П.А.Николаева. Москва, «Советская энциклопедия», 1987.
23. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. Нөкис, «Билим», 1992.
24. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.
25. Пахратдинов Д. И.Юсупов поэзиясында Шығыс әдебияты дәстүрлери. Канд .дисс. Нөкис, 2001.
26. Султанов К. Современная каракалпакская поэма (1953-1964). Автореф. канд. дисс. Ташкент, 1967.
27. Турдыбаев Қ. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы (Библиографиялық көрсеткиш. 1991-2010 жж.). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010.

28. Турдыбаев Қ. Қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясы (Библиографиялық көрсеткиш. 1950-2010 жж.). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010.
29. Турдыбаев Қ. И.Юсупов поэзиясының фольклорлық дереклери ҳаққында // «Әмиўдәрья», 2009, № 5/6.
30. Ҳамидова А. Ҳәмидова А. И.Юсупов дөретиўшилиги ҳәм Европа әдебияты. Канд .дисс. Нөкис, 2000.
31. Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979.
32. Юсупов И. Кеўилдеги кең дүнья. Қосықлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989.
33. Юсупов И. Өмир, саған ашықпан... Сайланды шығармалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1999.